

1931-3-1960

BALSAFAH

GATOLOTJO



BALSAFAH ^{Tg 31-3-1960}
= GAṬOLOṬJO



ISI BUKU IKI

Katja :

Purwaka	7
Kjai Guru tetelu ing pondok Redjasari	7
Gatolotjo lan tjandrané	8
Bebantahan 'ilmu	9
Tjangkriman endi kang tuwa : Dalang Wajang Kelir Baléntjong	12
Batanganing tjangkriman kang bener	13
Bandjuré bebantahan 'ilmu	14
Gatolotjo rumasa menang bantahé	19
Wangsalan pangura-urané Gatolotjo	19
Kjai Guru Hasan Besari ing pondok Tjèpèkan	20
Gatolotjo diburuhaké Kjai Guru	22
Gatolotjo ngura-ura wangsalan	23
Gatolotjo paŋggil	23
Gatolotjo ngura-ura wangsalan manèh	24
Gatolotjo tumeka ing pondok Tjèpèkan	24
Bebantahan Balsafah	25
Hasan Besari kalah bantahé	30
Gatolotjo pepéling marang para sahabat	30
Gatolotjo apitutur soal pasemoning 'ilmu	31
Gatolotjo medaraké soal-djawabing 'ilmu	32
Gatolotjo lunga andarung lakuné	34
Endang Retna Déwi Lupitwati ing dèpok Tjemaradjamus	35
Gatolotjo mandjing dèpok Tjemaradjamus	35
Gatolotjo ngrerepi wangsalan	36
Ambatang tjangkrimané Déwi Mlenukgembuk	37
Ambatang tjangkrimané Déwi Dudulmendut	37
Ambatang tjangkrimané Déwi Rara Bawuk	38
Ambatang tjangkrimané Déwi Blèwèh	39
Ambatang tjangkrimané Retna Déwi Lupitwati	40
Gatolotjo mulang para garwa	41
Tetenger sadjatining wadon lan sadjatining lanang	41
Wangsalan wulang wanodya	43
Gatolotjo pamit lunga marang Tjèpèkan	44
Gatolotjo djumeneng Gurunadi	44
Medaraké bandjuré soal-djawabing 'ilmu	45

Balsafah G A T O L O T J O

PURWAKA

Midjil

Prana putek kapetek ngranuhi, wijoganing batos, raosing tyas karaos kekesé, taman bangkit upami njélaki, mudah gung prihatin, nalangsa kalangkung.

Djroning kingkin sinalamur nulis, serat Gatolotjo, tjiptèng nala ngupaja ledjaré, tar lèn muhung mrih ajeming galih, jwa kalantur sedih, minangka panglipur.

KJAI GURU TETELU ING PONDOK REDJASARI

Kang kinarja bebukaning rawi, Redjasari pondok, wonten Kjai djumeneng Guruné, tiga pisan wasis muruk ilmu, katah para santri, kapènjut maguru.

Bakda subuh wau tiga Kjai, rudjuk tyasnja tjondong, Guru tiga ngrasuk busanané, arsa linggar sadaja miranti, duk wantji bjar éndjing, sareng angkatipun.

Murid nenem umiring tut wuri, samia anggegèndong, kang ginèndong kitab sadajané, gunggung kitab kawan likur idji, tjiptaning panggalih, tuwi mitranipun.

Inggang ugi dadya guru santri, ing Tjèpèkan pondok, Kjai Hasan Besari namané, wus misuwur jèn limpad pribadi, putus sagung 'ilmi, pra guru maguru.

Datan wonten ingkang animbangi, pinundjul kinaot, langkung ageng pondokan santriné, krana saking katahipun murid, udjaring pawarti, pinten-pinten atus.

Amangsuli kang lagja lumaris, sadaja mangulon, sepi mendung sumilak lanqité, saja sijang lampahnja wus tebih, sunaring hjang rawi, sanget bentèripun.

Marma rèrèn sapinggiring margi, ngandap wringin ajom, ajem samja andjèrèng katjuné, tinamakken ajoming waringin, pan kinarja linggih, djèngkèng semu timpuh.

Etjisira tjinublesken siti, murid sami lunggoh, munggèng ngarsa adjèdjèr lungguhé, kasiliring samirana ngidid, pating tjlumik mudji, tesbèhnja dèn étung.

Murid nenem ambèlani mudji, dikir lénggak-lénggok, manggut-manggut sirah gèdèg-gèdèg, dèrèng dangu nulja aningali, mring sadjuga djanmi, lir dandang lumaku.

GATOLOTJO LAN TJANDRANE

Dandanggula

Endèk tjilik rémané barintik, tur aburik wau rainira, tjiri kéra ing mripaté, alis bafungut tepung, irung sunti tjangkemé nguplik, wadja gingsul tur petak, lambé kandel biru, djanggut golèng semu njentang, pipi klungsur kupingira andjepiping, gulu panggél tur tjendak.

Pundak brodjol semuné angempis, punang asta tjendak tur kuwaga, ting tjarentik daridjiné, alekik dadanipun, weteng bekél bokongnja tjantik, semu ékar dengkulnja, lampahipun impur, kulit ambesisik mangkak, ambengkerok napasira kempis-kempis, sadiak lesu kéwala.

Bedudané pring tutul kinisik, apam blorok kuningé semu bang, asungsun tiga pontangé, bongkot tengah lan putjuk, timah budeng ingkang kinardi, tjupak ireng tur tuwa, gripis njenjepipun, meleng-meleng semu nglenga, labet saking kénging kukus saben ari, pangot urik dèn asta.

Kandutané klélèt gangsal g nding, alon lenggah tjaket Guru tiga, sarwi angempos napasé, kapjarsa sengkuk-sengkuk, gandanira prengus asangit, tumanduk mring panggènan, santri ingkang lungguh, Gatolotjo ngambil sigra, kandutané tegesan kang anèng kendit, gja nitik karja brama.

Nulja udut kebulnja ngebuli, para santri kawratan sadaja, asengak sanget sangité, murid nenem tumungkul, méngo sarwi atutup rai, sawenèh mites grana, kang sawenèh watuk, mingser saking palenggahan, samia pindah nèng wuriné gurunèki, njingkiri punang ganda.

Guru tiga waspada ningali, mring wudjudnja ingkang lagja prapta, kawurjan mesum ulaté, sareng dènira nebut, astagafiru'llah hal adlim, dubi'llah minas sètan, ilaha la'llahu, lah iku manusa apa, salawasé urip anèng dunja iki, inghun durung tumingal.

Djanma ingkang rupané kadyèki, sarwi nolèh ngandika mring sabat, pada tingalana kuwé manusa kurang wuruk, datan weruh sakèning nabi, nèng dunja wus tjilaka, iku durung bésuk, siniksa anèng achirat, tikèl sèwu siksane nèng dunja kuwi, mulané wekasingwang.

Inkang petel sinauwa ngadji, amrih weruh sjara' Rasulu'llah, slamet dunja achiraté, sapa kang nedya manut, ing sari'at Andika Nabi, mesti olèh kamuljan, sapa kang tan manut, bakalé nemu tjilaka, Ahmad 'Arif mangkana dènira angling, djanma iku sun-kira.

Dudu anak manusa sajekti, anak belis sêtan brekasakar, turuné memedi wéwé, Gatolotjo duk ngrungu, dèn wastani jèn anak belis, langkung sakit manahnja, nanging tan kawetu, ngungkabi gémbolanira, klèlètipun sadjabug sigra ingambil, dèn untal babar pisan.

Pan sakala endemé mratani, mrasuk badan kulit dagingira, ludira otot bajuné, balung kalawan sungsum, kelijatan sadaja pulih, kawistara ndjrebabak, tjahjanipun santun, Guru tiga wrin waspada, samja éram tyasnja ngungun tan andugi, pratingkah kang mangkana.

'Abdu'ldjabar ngutjap mring Mad 'Arif, lah ta mara agé takonana, apa kang dèn untal kuwé, lan sapa aranipun, sarta manèh wismané ngendi, apa panggotanira, ing sadinanipun, lan apa tan adus toja, salawasé déné awaké mbasisik, djanma iku sun-kira.

Ora ngreti sjara' lawan sirik, nadjis mekruh batal lawan haram, mung nganggo senengé déwé, sanadyan iwak asu, daging tjèlèng utawa babi, angger dojan pinangan, ora duwé gigu, tan pisan wedi duraka, Ahmad 'Arif mrepeki gja muwun aris, wong ala ingsun tannja.

BEBANTAHAN 'ILMU

Lah ta sapa aranira jekti, sarta manèh ngendi wismanira, kang tinannja lon sauré, Gatolotjo aranku, ingsun djanma lanang sadjati, omahku tengah djagad, Guru tiga ngrungu, sareng dènjaja latah-latah, bedès busèt aran nora lumrah dj nmi, djenengmu iku haram.

Gatolotjo ngutjap tannja aris, déné sira pāda latah-latah, anggegugu apa kuwé, Kjai Guru sumaur, krana saking tyasingsun geli, gumun mring djenengira, Gatolotjo muwus, ing mangka djeneng utama, gato iku tegesé sirah kang wadi, lotjo pranti gosokan.

Marma kabèh pada sun-lilani, sakarsané ngundang marang ingwang, jekti sun-sauri baé, tetelu araningsun, kang sawidji Barangkinisik, sidji Barangpanglusan, nanging kang misuwur, mantja pat mantja lelima, ija iku Gatolotjo aran-mami, prasadja tanda prija.

Kjai Guru mangsuli tan betjik, djenengira iku luwih ala, djalarn banget saruné, haram nadjis lan mekruh, iku djeneng anjilakani, djeneng dadi duraka, djeneng ora patut, wus kasebut djroning kitab, njirik haram jèn mati munggah suwargi, kang haram mandjing nraka.

Gatolotjo mëndjep ngiwi-iwi, gja gumudjeng njawang Guru tiga, sarwi mangkana udjaré, sjara'ira kang kliru, sapa bisa angelus wadi, jekti djanma utama, iku apesipun, prijaji kang lungguh demang, mjang panèwu wadana kliwon bupati, lijané ora bisa.

Rèhning ingsun tan dadi prijaji, mung djenengku djeneng wadi mulja, supaja turunku tembé, dadi prijaji agung, 'Abdu'ldjabar angutjap bengis, dapurmu kaja luwak, nganggo sira ngaku, lamun sadjatiné lanang, Gatolotjo gumudjeng alon nauri, utjapku nora salah.

Ingsun ngaku wong lanang sadjati, basa lanang sadjati temenan, wadiku apa dapuré, sadjati tegesipun, ingsun urip tan nedya mati, Guru tiga angutjap, dapurmu lir antu, sadjegé tan kambon toja, Gatolotjo matjutju nulja mangsuli, éwuh kinarja siram.

Upamané, ingsun adus warih, badaningsun wus kaisèn toja, kalamun adus geniné, djro badan isi latu, jèn resika sun-gosok siti, asliné saking lemah, sun-dusana lésus, badanku sumber maruta, tuduhena kinarja adus punapi, udjarnja Guru tiga.

Asal banju jekti adus warih, dimèn sutji iku badanira, Gatolotjo sru sauré, sira santri tan urus, jèn sutjija sarana warih, sun kungkum sangang wulan, ora kulak kawruh, sateméné baé ija, ingsun adus tirta tékad sutji ening, ing tyas datan kaworan.

Bangsa salah kang kalebu tjiri, ija iku adusing manusa, ingkang sabener-beneré, Kjai Guru sumaur, wong dapuré, lir kirik gering, sapa ingkang pratjaja, duwé pikir djudjur, sira iku ingсандuga, ora duwé batal haram mekruh nadjis, weruhmu amung halal.

Nadyan arak iwak tjèlèng babi, angger dojan mesti sirapangan, ora wedi durakané, Gatolotjo sumaur, iku bener tan nganggo sisip, kadya pambatangira, nadyan iwak asu, sun-titik asalé purwa, lamun betjik tan dadi seriking djanmi, nadyan babi tjèlènga.

Ngingu déwé awit saking tjilik, sapa ingkang wani nggugat mring wang, halalé ngungkuli tjempé, sanadyan iwak wedus, jèn asalé srana tan betjik, haram lir iwak sona, nadyan babi iku, tinitik kawitanira, jèn purwané ngingu déwé awit gendjik, luwih saking maénda.

Nadyan wedus nanging nggonmu maling, luwih babi iku haramira, na-tyan mangan iwak tjèlèng, lamun asalé djudjur, mburu déwé marang wanadri, dudu tjèlèng tjolongan, halalé kalangkung, sanadyan iwak maésa, jèn tjolongan luwih haram saking babi, udjarnja Guru tiga.

Luwih halal paduné si belis, pantes temen uripmu tjilaka, kamlaraan salawasé, tan duwé beras pantun, sandangané pating saluwir, kabèh amoh gombalan, sadjegé tumuwuh, ora tau mangan énak, ora tau ngrasakaké legi gurih, kuru tan darbé wisria.

Gatolotjo ngutjap anauri, ingkang sugih sandang lawan pangan, pirang keti momohané, kalawan pirang tumpuk, nadjis ingkang sira-simpeni, Guru tiga duk mijarsa, gumuju angguguk, sandangan ingkang wus rusak, awor lemah nadjisku kang tibèng bumi, kabèh wus awor kisma.

Gatolotjo anauri malih, jèn mangkono isih lumrah djanma, ora kinéot arané, béda kalawan ingkun, kabèh iki isining bumi, sakurebing akasa, dadi darbèkingkun, kang anjar sarwa gumbéjar, sun-kon nganggo marang sanak-sanak-mami, ngong trima nganggo ala.

Apan ingkun trima nganggo iki, pepanganan ingkang énak-énak, kang legi gurih rasané, pedes asin sadarum, sun-kon mangan mring sagung djanmi, ingkang sinipat gesang, déné ingkun amung, ngawruhi sadina-dina, sun-tulisi sastrané salikur idji, sun-simpen djroning manah,

Ingun déwé mangan saben ari, ingkun milih ingkang luwih panas, sarta ingkang pait déwé, nadjisé dadi gunung, kabèh gunung ingkang kaèksi, mulané kang bawana, pada metu kukus, tumusé geni sun-pangan, ingkang dadi padas watu lawan tjuri, klèlèt ingkang sun-pangan.

Sadurungé ingkun ngising nadjis, gunung iku jekti durung ana. béndjang bakal sirna manèh, lamun ingkun wus mantun, ngi ing tai metu ing silit, titènana kéwala, iki tuturingsun, Guru tiga duk mijarsa, gja mitjara astané sarwi nudingi, lajak kuru tan palra.

Gatolotjo sigra anauri, mila ingkun kuru é kalintang, krana nurut mring karsané, Gusti Djeng Nabi Rasul, saben ari ingkun-turuti, tindak menjang ngepakan, awan soré ésuk, mundut tjandu lawan madat, dipun dahar kalawan dipun obongi, Allah kang paring wikan.

Kangdjeng Rasul jèn tan dèn turuti, muring-muring banget nggoné duka, sarta banget paniksané, ingkun tan bisa turu, Guru tiga samja nauri, mung lagi tatanira, Kangdjeng Nabi Rasul, karsa tindak mring ngepakan, Kangdjeng Rasul pepundèné wong sabumi, anèng nagara Mekah.

Gatolotjo anauri aris, Rasul Mekah ingkang sira-sembah, ora nana ing wudjudé, wus séda sèwu taun, panggonané ing tanah 'Arbi, lelakon pitung wulan, tur kadangan laut, mung kari kubur kéwala, sira-sembah djungkar-djungkir saben ari, apa bisa tumeka.

Sembahira dadi tanpa kardi, luwih sija marang raganira, tan nembah Rasulé déwé, sija marang uripmu, nembah Rasul djabaning diri, kabèh sabangsanira, iku nora urus, nebut Allah sija-sija, pating brengok Allah cira kober guling, kabrebege suwara.

Rasulu'llah séda sèwu warsi, sira-bengok saking wisma-nira, bok kongsi modot guluné, masa bisa karungu, tiwas kesel tur tanpa kasil, Guru tiga angutjap, udjaré tjotjotmu, lajak mesum ora lumrah, anjampahi pepundèné wong sabumi, Gatolotjo manabda.

Bener mesum saking susah-mami, kadunungan barang ingkang gelap, awit tjilik tekèng mangké, kéwuhan djawab-ingsun, jèn konangan ingkang darbèni, supaja bisa luwar, ingsun ndjaluk rembug, kaprijé bisané djawab, ajwa nganti kena ukum awak-mami, Guru tiga mijarsa,

Asru ngutjap njata sira maling, ora pantes rembugan lan ingwang, sira iku wong munapèk, duraka ing Hjang Agung, lamun ingsun gelem mulangi, pakartiné dursila, mring pandjawabipun, ora wurung katularan, nadyan ingsun datan anglakoni maling, jèn gelem mulangana.

Nalar bangsat paturané maling, jekti dadi mèlu kena siksa, Gatolotjo pamuwusé, jèn sirèku tan purun, amulangi mring djawab maling, pajo pada tjangkriman, nanging pamintèngsun, badénen ingkang sanjata, lamun sira telu pisan tan mangerti, guru tanpa paédah.

Kjai Guru samja anauri, mara agé saiki pasalna, tjangkrimané kaja priji, manira arsa ngrungu, jèn wus ngrungu sajekti bangkit, masa bakal luputa, utjapna dèn gupuh, angadjak tjangkriman apa, sun-batangé dimèn pada dèn saksèni, santri murid nonoman.

TJANGKRIMAN ENDI KANG TUWA DALANG WAJANG KELIR BALENTJONG

Sinom

Gatolotjo nulja ngutjap, dalang wajang lawan kelir, baléntjong endi kang tuwa, badénen tjangkriman iki, jèn sira njata wasis, mesti weruh ingkang sepuh, Ahmad 'Arif ambatang, kelir kang tuwa pribadi, sadurungé ana dalang miwah wajang.

Baléntjong durung pinasang, kelir ingkang wudjud dingin, wus djumeneng kéblat papat, ngisor tengah lawan ngigil, mila tuwa pribadi, 'Abdu'djabar asru muwus, hèh Ahmad 'Arif salah, pambatangmu iku sisip, panemuku tuwa déwé kaki dalang,

Anané kelir lan wa'ang, kang masang baléntjong sami, wa-
jang gawéjané dalang, mulané tuwa pribadi, tan ana kang madani.
anané dalang puniku, ingkang karja lampahan, njritakaké ala
betjik, asor unggul tan li'a saking ki dalang.

Nulja Kjai 'Abdu'lmanap, nambungi watjana aris, karo pisan
isih salah, pada uga durung ngreti, datan bisa mrantasi, tur remèh
kéwala iku, mung nalar luwih gampang, ora susah nganggo mikir,
sun ngarani tuwa déwé wajangira.

Upama wong nanggap wajang, isih kurang telung sasi, dalangé
pan durung ana, panggonané durung dadi, wus ngutjap nanggap
ringgit, tutur mitra karuhipun, sun arsa nanggap wajang, ora
ngutjap nanggap kelir, ora ngutjap nanggap baléntjong lan
dalang.

Wus mupakat djanma katah, kang tinanggap apan ringgit,
durung padja-padja gatra, wus muni ananggap ringgit, mila tuwa
pribadi, Gatolotjo alon muwus, 'Abdu'ldjabar Du'lmanap, tanapi
si Ahmad 'Arif, telu pisan pambatangé pada salah.

BATANGANING TJANGKRIMAN KANG BENER

Jèn mungguh pametèkingwang, baléntjong tuwa pribadi, sa-
nadyan kelir pinasang, gamelané wus miranti, dalang nijaga
linggih, jèn maksih peteng nggènipun, sajekti durung bisa,
dalangé anampik milih, njritakaké sawidji-widjining wajang.

Kang nonton tan ana wikan, marang warnanira ringgit,
margané isih petengan, ora kena dèn tingali, jèn baléntjong wus
urip, kanta-kantar katon murub, keliré kawistara, ing ngandap
miwah ing nginggil, kanan kéring Pandawa miwah Kurawa.

Ki dalang nèng ngisor damar, bisa nampik lawan milih,
nimbang gedé tjilikira, tumrap marang sidji-sidji, wataké kabèh
ringgit, pantes pangutjapipun, awit pituduhira, baléntjong ing-
kang madangi, pramilané baléntjong kang luwih tuwa.

Déné unining gamelan, wajangé kang dèn gameli, dalangé
mung darma ngutjap, si wajang kang darbé uni, prajogi gedé
tjilik, manut marang dalangipun, sinigeg gangsa ika, kaki dalang
masésani, nanging darma ngutjap molahaké wajang.

Paréntahé ingkang nanggap, ingkang aran Kjai Sepi, basa
sepi tanpa ana, anané ginelar jekti, langgeng tan owah gingsir,
tanpa kurang tanpa wuwuh, tanpa rèh tanpa guna, ingkang luwih
masésani, ing solahé wajang utjapé ki dalang.

Ingang mesti nglakonana, ingkang ala ingkang betjik, kang
nonton mung ingkang nanggap, jèku aran Kjai Urip, jèn damaré
wus mati, kabèh iku dadi suwung, tan ana apa-apa, lir ing sun
duk durung lair, tetep suwung ora ana sidji apa.

Basa kelir iku raga, wajangé Suksma sadjati, dalangé Rasul Muchammad, baléntjong Wahjuné Urip, iku upama Widdhi, tjahjané urip puniku, njrambahi badanira, djaba djero ngandap nginggil, wudjudira wudjudé Allah kang murba.

Jèn wajang mari tinanggap, wajangé kalawan kelir, sinimpen sadjroning kotak, baléntjong pisah lan kelir, dalang pisah lan ringgit, marang ngendi paranipun, sirnané bléntjong wajang, upajenen dèn kapanggih, jèn tan weruh sira urip kaja retja.

Béndjang jèn sira palastra, uripmu ana ing ngendi, saikiné sira gesang, patimu ana ing ngendi, uripmu bakal mati, pati nggawa urip iku, ing ngendi kuburira, sira-gawa wira-wiri, tuduhena dunungé panggonanira.

BANDJURE BEBANTAHAN ILMU

Guru tiga duk mijarsi, anjentak sarwi matjitjil, rembug gunem udjarira, iku ora lumrah djanmi, Gatolotjo nauri, dasar sun-karepken iku, adja lumrah wong katah, ngungkulana mring sasami, ora trima duwé kawruh kaja sira.

Santri pada ambek lintah, ora duwé mata kuping, anggeré amis kéwala, tjinutjup nganti malenti, ora ngreti jèn getih, gandané amis tur arus, kinira madumangsa, jèn wus wareg mangan getih, amalengker tan metu nganti sawarsa.

Wekasan kaliru tanpa, tan wruh temah ndurakani, manut kitab mengkap-mengkap, manut dalil tanpa misil, amung ginawé kasil, sinisil ing rasanipun, rasa ni'mating ilat, lan rasané langen resmi, rasanira ing kawruh ora rinasa.

Tetep urip tanpa mata, matamu mata sotja pring, matamu tanpa paédah, matamu tan migunani, Kjai Guru mangsuli, muring-muring asru muwus, apa sira tan wikan, mring matakulo ro iki, Gatolotjo sumaur sirèku bedja.

Déné pada duwé mata, loro-loro guru sidji, apa sira wani sumpah, jèn duwé mata kekalih, Guru tiga nauri, dasar sajektiné ing sun, tetela duwé mata, tetep loro mata-mami, Gatolotjo gumudjeng sarwi anjentak.

Sirèku wani gumampang, sajekti bakal bilahi, ngaku dudu matanira, sun-lapuraken pulisi, mestiné dèn talèni, angaku loro matamu, jèn njata matanira, konen gilir genti-genti, préntahana sidji melèk sidji néndra.

Dadi salawasmu gesang, ora kena dimalingi, Guru tiga samja ngutjap, endi ana mata gilir, Gatolotjo nauri, tandané njata matamu, sira wenang masésa, sapréntahmu dèn turuti, jèn tan manut jekti dudu matanira.

Guru tiga samja modjar, aku wani sumpah jekti, awit tjilik praptèng tuwa, tan pisah lan rai-mami, Gatolotjo mangsuli, dèné sira wani ngaku, matamu ora pisah, mata olèhmu ing ngendi, apa tuku apa gawé apa njelang.

Apa sira winèwèhan, ija sapa kang mènèhi, kalawan saksiné sapa, dina apa anèng ngendi, Guru tiga mijarsi, deleg-deleg datan muwus, wasana samja ngutjap, gawéjané bapa bibi, Gatolotjo gumuju alatah-latah.

Kiraku wong - tuwanira, loro pisan pada mukir, karoné ora rumasa, gawé irung mata kuping, lanang wadon mung sami, ngrasakaké ni'matipun, iku dadya djalaran, wudjudé ragamu kuwi, ora nedya gawé rambut kuping mata.

Guru tiga nulja modjar, Allah Ingkang Maha Sutji, ingkang karja raganingwang, Gatolotjo anauri, prenah apa sirèki, kalawan Kang Maha Luhur, dèné ta pinaringan, mata loro kanan kéring, telu pisan pinaringan grana lésan.

Guru tiga saurira, katrima pamudji-mami, Gatolotjo asru njentak, pudjimu pudjining Widdhi, sira ora nduwèni, marang paugutjap sadarum, iku utjaping Allah, jèn mangkono sira maling, wani-wani kadunungan barang gelap.

Jèn tan bisa ndunungena, kadjedegan ingkang diri, mestiné dadi sakitan, ora kena sira mukir, meloké wus pinanggih, teka ngendi asalipun, jèn asalé tan wikan, matanira loro kuwi, ora kena angukuhi matanira.

Sakèhing rèh lakonana, jèn tan manut sun-gitiki, djalaran sira wus salah, kadjedegan sira maling, lah iku duwèk-mami, sira-anggo tanpa urus, saikiné balèkna, ilangé duk djaman gaib, insun-simpen ana satengahing djagad.

Saksiné si wudjud ma'na, tjiriné rina lan wengi, insun-rebut tanpa ana, saiki lagja pinanggih, sira ingkang njimpeni, santri pada tanpa urus, jèn sira tan ngulungna, sun-lapuraké pulisi, ora wurung munggah ing rad pangadilan.

Mesti sira kokum peksa, jèn wengi turu nèng buwi, lamun rina nambut karja, saben bengi dèn kandangi, béda kalawan mami, salawasé ngong tumuwuh, sadurungé tumindak, ingkang dadya sedya-mami, agal alus kasar lembut insun-nalar.

Murih adja dadi salah, Ahmad 'Arif anauri, guneman karo wong édan, Gatolotjo amangsuli, édanku awit tjilik, kongsi mangké praptèng umur, insun tan bisa waras, saben dina owah gingsir, nampik milih panganan kang énak-énak.

Pangargo kang sarwa éndah, insun édan urut margi, nurut margané kamuljan, 'Abdu'ldjabar muring-muring, asru sumaur bengis, rembugan lan asu buntung, Gatolotjo angutjap, bener olèhmu ngarani, sakrabatku bapa kaki bujut tjanggah.

Dasaré buntung sadaja, tan anu buntut sawidji, basa asu ma'na asal, buntut iku wus ngarani, inghun djinising djanmi, ora buntut lir awakmu, balik sira wong apa, sira gundul andjendil, apa Landa apa Kodja apa Tjina.

Apa sira wong Benggala, Guru tiga anauri, inghun iki bangsa Djawa, Muchammad agama-mami, Gatolotjo nauri, sira wong kapis satuhu, Kristen agamanira, lamun sira bangsa Djawi, déné sira tan nebut Déwa Batara.

Agama Rasul Muchammad, agamané wong ing 'Arbi, sira nebut lija bangsa, tegesé sinipat kapis, tan sebutmu pribadi, angawé rusak uripmu, mulané tanah Djawa, kabawah mring lija djinis, krana rusak agamané kuna-kuna.

Wiwit bijèn djaman Purwa, Padjadjaran Madjapahit, wong Djawa agama Buddha, djaman Demak iku salin, nebut Rasulu-'llahi, sebuté wong 'Arab iku, saiki sira-tular, anilar agama lami, tegesira djawa djawal kapis kopar.

Tegesé kapis kapisan, bangsa kapisan kabesmi, aming amung sawatara, dadi mokalé saiki, tan nganggo tjara Djawi, Muchammad agamanipun, angaku bangsa 'Arab, sira anèng tanah Djawi, tegesira iku Kristen bangsa 'Arab.

Guru tiga duk mijarsa, sru njentak sarwi nudingi, Gatolotjo sira gila, Gatolotjo anauri, inghun gila sajekti, jèn weruh kaja dapurmu, wedi bok katularan, ora duwé mata kuping, kawruhira amung djakat lawan pitrah.

Kjai Guru tiga pisan, tyasnja runtik anauri, njata sira anak djalang, Gatolotjo amangsuli, iku bener tan sisip, bapa bijung kaki bujut, kabèh kena ing pedjah, lamun wis tumekèng djangdji, jekti mulih mring adjalé pada ilang.

Kiraku manawa sira, metu saking retja wesi, déné wudjud tanpa njawa, sira ora duwé budi, Kjai Guru nauri, samja misuh trukbjangamu, Gatolotjo angutjap, iku banget trima-mami, krana sira telu pisan misuh mring wang.

Sira nuduhaké bijang, inghun iki tan udani, duk lair saking wadonan, amung ingkang sun-gugoni, wong tangga kanan kéring, bapa bijang ingkang ngaku, nganakaké maring wang, iku ingkang sun-sungkemi, nanging batin inghun ora wani sumpah.

Ija iku bapa bijang, ingkang weruh lair-mami, saikiné sira bisa, nuduhaké bijang-mami, wismané ana ngendi, lawan sapa arapun, amba-tjijuté pira, duwèké wong-tuwa-mami, jèn tan weruh iku udjar ambelasar.

Krana inghun nora wikan, wudjudé inghun saiki, mudjud déwé tanpa lawan, Allah ora karja mami, anané raga-mami, gawéjanira Hjang Agung, duk anèng 'alam dunja, ana satengahing bumi, lawan sira kala karja raganira.

Sawindu lawan sawarsa, rolas wulan pitung ari, pendak pasar ratri sijang, saedjam sawidak menit, ora kurang tan luwih, wukuné mung telung puluh, raganingsun duk dadya, sarta wus wani njampahi, wruhaningsun sanadyan saiki uga.

Badanku kena ing rusak, urip-mami angawruhi, saobah-osiking badan, Rasulullah andandani, krana ing sun kekasih, kinarja Pangéraningsun, marang sagunging sipat, nggesangken saliring tungguil, ija ing sun ija Allah ja Muchammad.

Guru tiga asru modjar, sira wani angakoni, tunggal wudjud lan Pangéran, apa kuwasamu kuwi, Gatolotjo nauri, ngawruhi dadiné lebur, kalawan peparengan, karsané Kang Maha Sutji, ing sun déwé tan kuwasa apa-apa.

Ragèngsun wudjuding Suksma, angawruhi ing Hjang Widdhi, tumindak karsanira Hjang, awèh mosik lija mami, Muchammad kang nduwèni, pangutjap paningalingsun, pangganda pamijarsa, déné lésan lawan diri, kabèh iku kagungané Rasulullah.

Ingsun ora apa-apa, mung pangrasa duwèk-mami, iku jèn ana sihing Hjang, jèn tan ana sihing Widdhi, duwèknigsun mung sepi, basa sepi iku suwung, tan ana apa-apa, lir ing sun duk durung dadi, tetep suwung ora weruh sidji apa.

'Abdu'ldjabar nulja modjar, sira iku angakoni, wudjudmu wudjuding Suksama, ing mangka ragamu kuwi, kena rusak bilahi, ora langgeng sira wutuh, Gatolotjo angutjap, ingkang rusak iku bumi, kalimputan wudjud-mami lan Pangéran.

Ingsun Ingkang Maha Mulja, tan kena rusak bilahi, ingkang langgeng swarga mulja, Kjai Guru anauri, jèn mangkono sirèki, weruh pestiné Hjang Agung, kang durung kalampahan, Gatolotjo anauri, weruh pisan pestiné mring raganingwang.

Ingsun-pesti awakingwang, wajah iki dina iki, djedjagongan lawan sira, mengko gawé pesti maning, kang durung dèn lakoni, kanggoné mengko lan bésuk, supaja adja salah, dadi ora kurang luwih, lamun salah ngrusak buku sastra angka.

Kalawan ngrusak gulungan, iku banget wedi-mami, wedi manawa dinukan, marang ingkang djuru tulis, mulané ngati-ati, gawé pesti adja kliru, Kjai Guru angutjap, kang durung sira-lakoni, bedja sarta tjilakamu bésuk apa.

Anèng ngendi kuburira, Gatolotjo anauri, kuburan wus ing-sun-gawa, saben dina urip-mami, kalawan ngudanèni, ing sawates umuringsun, kalamun parek 'adjal, sadjroning rolas djam mami, lagja milih dina sarta wajahira.

Jèn gawé pasti samangkja, papestèné awak-mami, bokmanawa luwih kurang, susah anggolèki pesti, betjiké saben ari, anggawé papestèn iku, manut senenging drija, dadi ora kurang luwih, ora angèl ora tjidra ing semaja.

Kjai 'Abdu'ldjabar ngutjap, pestiné marang Hjang Widdhi, ingkang durung kalampahan, Gatolotjo anauri, iku pestèning Widdhi, dudu pesti saking ingsun, Allahku saben dina, anggawé papestèn-mami, anuruti marang kabèh karsaningwang.

Guru tiga sareng ngutjap, Gatolotjo sira iki, njata kasurupan sétan, Gatolotjo anauri, bener pan nora sisip, kala ingsun durung wudjud, ana ing alam samar, tumeka ing djaman mangkin, sétaningsun durung pisah saking raga.

Basa sétan iku sèta, asaling bibit sakalir, wudjudingsun duk ing kuna, punika asalé putih, lamun durung mangreti, ija iku asal-ingsun, purwa saking sudarma, tumeka kalamu'llahi, sajektiné ingsun asal kama petak.

Menèk Guru telu sira, kama ireng ingkang dadi, déné buntet tanpa nalar, 'Abdu'lmanap duk mijarsi, modjar mring Ahmad 'Arif 'Abdu'ldjabar jèn sarudjuk, wong iki pinatènan, lamun maksih awèt urip, ora wurung ngrusak sjara' Rasulu'llah.

Iku wong mbubrah agama, akarja seping, masjid, Gatolotjo asru ngutjap, dèn énggal njuduk mring mami, sapisan njuduk djisim, pindo batang sira-suduk, ja ingsun utang upa, arsa matèni mring mami, sautira mung lega rasaning drija.

Krana sira ngrusak sjara', Gatolotjo anauri, sjara' tan kena rinusak, pinesti déning Hjang Widdhi, sjara'é wong abukti, linebokken lésanipun, kang saguh ngrusak sjara', jèn mangan lebokna silit, iku tetep aran djanma ngrusak sjara'.

Déné bangsané agama, sasenengé wong ngaurip, sanadyan agama Tjina, lamun terus lair batin, jekti katrima ugi, Guru telu agamamu, iku agama kopar, agamaku ingkang sutji, ija iku kang aran agama rasa.

Tegesé agama rasa, nuruti rasaning ati, rasaning badan lan lésan, iku kabèh sun-turuti, rasaning legi gurih, pedes asin sepet ketjut, pait getir sadaja, sira agama punapi, sautira agamaku Rasulu'llah.

Gatolotjo asru ngutjap, patut sira tanpa budi, aran ra punika raras, sul usul raras kang sepi, sul asal tegesnèki, mulané sirèku kumprung, Guru tiga mijarsa, sigra késah tanpa pamit, sakantjané garundelan urut marga.

Sangat dènnja nguman-uman, Ahmad 'Arif muwus aris, 'Abdu'ldjabar 'Abdu'lmanap, salawasku urip iki, adja pisan pinanggih, kalawan wong ora urus, manusa tan wruh tata, djroning ngimpi ingsun sengit, jèn kapetuk sun mingkar tan sudi panggja.

GATOLOTJO RUMASA MENANG BANTAHE

Gatolotjo kang tinilar, anèng ngisoring waringin, rumasa jèn menang bantah, mangkana osiking galih, banget kepati-pati, angekul samèng tumuwuh, sun-kira luwih maña, pangaŵruhé Guru santri, déné iku isih bodo kurang nalar.

Durung pada durung timbang, jèn tinanding kawruh-mami, durung nganti ingsun-gelar, kawruhku kang luwih èdi, prandéné anglungani, kalah tan bisa sumaur, jèn mangkono sun-kira, ingkang muruk tanpa budi, iku njata sétan ingkang minda djanma.

Lamun wulangé manusa, mestiné pada mangreti, mring duga lawan prajoga, ajwa karem karja serik, mulané kudu éling, éling marang Ingkang Asung, asung urip kamuljan, upajenen dèn kapanggih, jèn pinanggih padang terang sagung nalar.

Jèn padang tegesé gesang, lamun peteng iku mati, djanma ingkang duwé nalar, aran manusa sadjati, jèn luwih wus ngarani, agal mjang alus tjinakup, tan kadya Guru tiga, bodoné kepati-pati, tjupet kawruh peteng nalar ma'nanira.

WANGSALAN PANGURA-URANE GATOLOTJO

Gatolojo gja lumampah, tetembangan urut margi, kebo bang kagok (sapi) upama, sapisan maning pinanggih, bibis alit ing tasik (undur-undur), ora mundur bantah kawruh, pelemgung mawa ganda (kuwèni), kawuk ingkang minda warni (slira), betjik ing-sun ngentèni lan ura-ura.

Gudé rambat (kara) puspa kresna (tlasih), manira pan isih wani, witing pari (dami) éntong palwa (welah), ora nedya kalah mami, araning wisma paksi (susuh), mungsuh sira guru pèngung, parikan uler kambang (lintah), ingsun seneng bantah 'ilmi, welut wisā (ula) tininggal atiku gela.

Medung petak (méga) kunir pita (temu), muga-muga temu maning, tepi wasra rinumpaka (kemada), bandjur pada maring ngendi, kaju rinéka djanmi (goièk), apa golèk guru djamhur, sarkara munggèng tala(madu), arsa dèn adu lan mami, wadung réma (tukur) malah sokur jèn mangkana.

Djangkrik gung wisमेंg kebonan (gangsir), manira ora gumingsir, bebasan putrané ménda (tjempé), sakarepé sun-ladèni, djamang wakul (wengku) upami, angadjak apa sirèku, duh laé puter wiswa (dara), nganggo sira medjanani, kentang rambat (katéla) sanadyan ~~tupak~~ ala.

Menjawab kang sabèng toja (slira), prakara mung bantah 'ilmi, wulu bauning kukila (elar), kabèh nalar sun tan wedi, sajekti pinter mami, tinimbang lan sira guru, katja tumrapping nètra (tesmak), ora djamak medjanani, mulwa rengka (srikaja) jèn sira lurus saraja.

Kemaduh rudjit godongnja (rawé), ajwa suwé sun-antèni, guru ngendi srajanira, nadyan djamhur luwih wasis, ingsun wani nandingi, angajoni bantah kawruh, masa ingsun mundura, jèku karsané Hjang Widdhi, raganingsun jektiné darma kéwala.

Gatolotjo sukèng drija, rerepèn aion lumaris, miling-miling mung prijangga, dumugi patopan mampir, mandjing mring bambon linggih, ngambil klèlèt kang kinandut, saglinding dipun untal, mrasuk badan anjegeri, kraos gatel astané ngukur sarira.

KJAI HASAN BESARI ING PONDOK TJEPEKAN

Pangkur

Katjarita ing Tjepèkan, pondok ageng panggènan santri ngadji, punika sampun misuwur, kawentar mantja pradja, wonten Kjai pinundjul djumeneng Guru, 'alim djamhur tanpa sama, kang nama Hasan Besari.

Kadjuwara jèn 'ulana, mila unggul ginuron para santri, muridipun tigang atus, ing wantji bakda 'isja, wusnja salat nèng langgar ngadji sadaram, Kjai Guru arsa mulang, kitab Pekih miwah Tafsir.

Unda usuk warna-warna, wonten santri ingkang lagja nitèni, ma'na lapal Kurānipun, ngasil-ingasil ika, samja takèn-tinakèn mring kantjanipun, wonten ingkang sampun paham, ngapalaken kitab Sitin.

Tanapi sagunging kitab, sasehèngé santri sawidji-widji, santri ingkang sampun putus, ing ma'na lapal Kurān, mentjil mentjul madoni mring Kjai Guru, ma'nanira lapal Kurān, angambil sagunging misil.

Ingang sampun kinawruhan, kang sawènèh ana santri pradondi, ing lapal ma'na puniku, udreg paben gredjegan, santri kalih mara merak marang Guru, gja kasaru tamu prapta, 'Abdu'ldjabar Ahmad 'Arif.

Miwah Kjai 'Abdu'lmanap, sabat nenem datan pisah tut wuri, sinauran salamipun, kang ngadji tutup kitab, tamu wau nulja minggah nglanggar gupuh, apan samja sesalaman, djawab tangan genti-genti.

Sawusira sesalaman, sampun wrata sadaja para santri, mung-
gèng langgar tata lungguh, Hasan Besari modjar, déné gati kados
wonten karsanipun, pukul pinten pangkatira, saking pondok Re-
djasari.

Angling Kjai 'Abdu'ldjabar, bakda subuh pangkat wantji
bjar éndjing, milanipun ngantos dalu, kedangon wonten marga,
mandeg bantah kawon mengsah tijang kupur, Gaŕolotjo namanira,
dapuré boten medjadji.

Punika sétan katingal, anak belis ambekta wadung linggis,
pan kinarja ngrusak ngremuk, ing sjara' Rasulu'llah, ingkang
leres dipun wadung temah putung, jèn pokah rebah binubrah,
agami dèn obrak-abrik.

Sadaja sjara' tinerak, morak-marik sirik dèn orak-arik, anung
nékad gasruh rusuh, djinawab mung saketjap, gulagepan kula
tan bangkit sumaur, sagung haram rinampasan, ambubrah sjara'
lan sirik.

Wungkul akal mokal nakal, sanget ngrèngkèl ngungkil
njrèkal metakil, sakèh kawruh kabarubuh, sagung pasal kasingsal,
dalil-dalil katail ing misilipun, kula mapan mung kasoran, kula
njingkring boten mlangkring.

Panggah bantah meksa kalah, boten betah isin dèn iwi-iwi,
sakèh padu dipun buru, sakèh djawab tan menang, salin pisuh
boten pasah saja rusuh, malah munggah ngarah sirah, lir maling
nedy andjiling.

Kula tansah kaungkulan, pidjer kodjur boten saged ngung-
kuli, kula-suwun mring Hjang Agung, salami-kula gesang, sam-
pun ngantos kepranggul tijang kadyèku, jèn kepetuk kula njim-
pang, djèdjèra kula sumingkir.

Manāh-kula sampun djindja, krana saking kapok dèn iwi-
iwi, Hasan Besari duk ngrungu, mring nalar kang mangkana,
sanalika dènnja ngontor asru bendu, djadja bang mawinga-winga,
muring-muring wadja gatik.

Nètra andik angatirah, Kjai Hasan Besari ngutjap bengis,
patut kang kaja dapurmu, santri rèmhèh kéwala, bener sira man-
tološ endasmu gundul, buntu buntet tanpa 'akal, mung djakat
kang sira-intjih.

Durung patut ginuronan, guru bodo kawruhmu mung sanjari,
ora lija kabisanmu, marani angger wisma, kang ginawa kasang
wadah karag sekul, bisané ndonga Kabula, ngadji kulhu lamja-
kunil.

Ora pada kaja ingwang, marma gundul kasundul ing agami,
mila putih surbaningsun, titih tètèh mitjara, kalah iki mesti ngam-
bil saking iku, mila ketu tarantjangan, pandjalin ingkang kinardi.

Kerigen santri 'ulama, ora kéwran kawruhku salin-salin, nrawang putus ngisor duwur, mila klambi kebajak, bisa mijak marang kawruh agal alus, sabuk polèng mantja warna, kawruh-ingsun warni-warni.

'Ilmu Djawa Landa Tjina, Turki Kodja Hindu Benggala Keling, kabèh iku wus katjakup, sun-simpen anèng kasang, kawruh 'Arab awit timur nganti lamur, kawruh Djawa tan kutjiwa, dasar ingsun bangsa Djawi.

Mila bebed sarung amba, ombèr djembar ngungkuli ingkang dakik, kabèh 'ilmu ingsun weruh, nganggo tesbèh sanjata, kabèh kawruh ingkang luwih saking alus, ora nana bisa maça, amadani marang mami.

Mulané nganggo gamparan, saparanku angungkuli sasami, mulané tjis tekeningsun, kumetjís nora tjidra, anerawang djaba djero ngisor duwur, upamané ingsun kalah, mungsuh djanma tanpa budi.

Sajektiné ingsun wirang, golèkana saiki ana ngendi, si Gato-
lotjo wong kumprung, ingsun arsa uninga, mring warnané djanma ingkang kurang urus, Ahmad 'Arif udjarira, duk wau sapungkur-mami.

Tut wingking lampah-kawula, kinten-kinten dalu punika ugi, njipeng wonten kita Pungkur, Hasan Besari ngutjap, lamun mréné sun-djèwèré kupingipun, mungsuh djanma ngrusak sjara, kalah lambéné sun-djuwing.

Sun-karja pangéwan-éwan, duk 'samana dupi sampun bjar-éndjing, wantji bakda salat subuh, préniah mring santri tiga, golèkana Gatolotjo dèn katemu, tekakna mring ngarsaningwang, santri tiga gja lumaris.

GATOLOTJO DIBUTUHAKE KJAI GURU

Datan winarna ing marga, santri tiga lampahnja 'sampun prapti, ing patjandon kuta Pungkur, nulja mandjing ngepakan, santri tiga pramana samja andulu, ing patjandon wonten djanma, èndèk tjilik bokong tjantik.

Tinakènan namanira, gja sumaur jèn sira takon mami, Gato-
lotjo araningsun, saptri tiga tuturnja, katimbalan sirèku mring ngarsanipun, Guruning santri Tjèpèkan, Kijai Hasan Besari.

Kinèn sareng lampah-kula, Gatolotjo maleleng ngiwi-iwi, géla-gélo manggut-manggut, nanging kèndel kéwala, tjangkem-
ipun matjutju boten sumaur, nulja nembang ura-ura, larasé mung angger muni.

GATOLOTJO NGURA-URA WANGSALAN

Pijik anak manuk dara, pedèt iku djaréné anak sapi, tjempé tjilik anak wedus, gudèl anak maésa, kirik tjilik iku djaré anak asu, belo kèpèl anak djaran, gendjik tjilik anak babi.

Sekar putjang djaré majang, sekar mlati djaréné sekar mlati, kembang gedang djaré djantung, jèn kembang klapa manggar, duh laé duh kembang menur kembang menur, kembang patjar kembang patjar, kembang sruni kembang sruni.

GATOLOTJO PANGGIL

Santri murid kang dinuta, samja éram sadaja tyasnja geli, kapingkel-pingkel gumuju, watjana djroning drija, apa baja pan-tjèn duwé lara gemblung, déné pidjer ura-ura, betjik kudu di-asori.

Murid tiga angrerepa, sandjang malih sarana ngarih-arih, ingarah mung murih purun, mangga tumunten pangkat, mring Tjèpèkan manggihana Kjai Guru, manawi dèn rsa-arsa, kedan-gon kula ngentos.

Gatolotjo kléwa-kléwa, sarwi ngutjap apa sira tan uning, ingsun iki lagi éwuh, lan banget ketagihan, lamun sira paripaksa ngundang mring sun, ketumu baé sun-selang, prelu kanggo gadèn dingin.

Tjandu rong timbang kéwala, nanging djandji sira-tebus pribadi, mengko jèn wus mendem ingsun, tumuli mangkat mrana, lamun sira ora lila ketu iku, ingsun wegah lunga-lunga, moh nemoni Kjai Hadji.

Santri tiga duk mijarsa, rerembungan lawan rowané sami, lamun ora sinung ketu, sajekti tan lumampah, ora wurung Kjai Guru mengko bendu, upama ingsun-wènèhna, luwih tjamah awak-mami.

Sarta manèh éman-éman, isih anjar ketu mung sidji iki, durung suwé nggonku suku, lagi sapuluh dina, nanging priyé mung-guh owel ngéman ketu, tjilaka nampani duka, luwih betjik dèn turuti.

Santri duta kang satunggal, amangsuli mangkana dènnja angling, wus tetéla nalar kodjur, iku **pada** kéwala, ketu-mami uga anjar olèh suku, lawasé satengah wulan, regané srupijah putih.

Kang satunggal tumut ngutjap, ora béda anjaré ketu-mami, lagi nganggo patang taun, mangka utang pitung wang, bajar nitjil setèng setèng saben ésuk, sun-lowongi durung esah, isih kurang limang ketip.

Nadyan tjamah awakingwang, waton olèh alemé guru-mami, santri tiga samja muwus, niki ketu-kawula, tampènana Gus Ngantèn sampéjan-pundut, gadèkna kula sumangga, saksana dipun tampèni.

Wusnja ketu tinampènan, santri duta malah dèn iwi-iwi, ngisin-isin sarwi muwus, sirèku ngentènana, ketu tiga dipun gantosaken tjandu, rong timbang tjinukit ngingkrang, sinerèt bantalan dingklik.

GATOLOTJO NGURA-URA WANGSALAN MANEH

Wus tuwuk panjerètira, bedudané nulja dipun sangkelit. Gatolotjo gja lumaku, dèn iring santri tiga, sadanguné lumampah urut dalanggung, ngupaja senenging drija, rerepèn sinawung gending.

Bismi'llah sun-ura-ura, sun-wangsalan petis apjun (tjandu) upami, ana ketu dadi tjandu, tjandu dadi gèlèngan, patèk tungkak (bubul) gèlèngané dadi kebul, kebulé mrasuk mring badan, sumrambah dadi njegeri.

Djenang sobrah (ager-ager) antjur katja (rasa), balung tipis munggèng putjuk daridji (kuku), seger dadi rosa mlaku, nanging ingkang kèlangan, paribasan sabet kuda (tjemeti) mesti getun, aranira tirta maja (wisuhan), misuh-misuh djroning batin.

Duh bakul sotya kentjanā (para), sèla ingkang kinarja ngasah lading (ungkal), manira bakal katemu, Guru santri Tjèpèkan, paksi alit kang dadya sasmitèng tamu (prendjak), petèl pandjang tanpa sangkal (tatah), nedya ngadjak bantah 'ilmi.

Kadal gung wismèng bangawan (badjul), djambu ingkang isi lir mirah èdi (dlima), sanadyan guru pinundjul, 'alim djamhur 'ulama, wadung pari (ani-ani) ingkun uga wani mungsuh, mritja ketjut dedompolan (wuni), sagèndingé sun-ladèni.

GATOLOTJO TUMEKA ING PONDOK TJEPEKAN

Dumugi pondok Tjèpèkan, katjarita ing pondok para santri, miwah sagung para guru, mulat kang lagja prapta, maksih wonten plataran ngandap wit djeruk, Kjai 'Abdu'djabar ngutjap, mring Kjai Hasan Besari.

Tijang makaten punika, nadjjs mekruh tan pantes minggah mriki, Hasan Besari sumaur, nadyan mekruh nadjisa, nanging iku tekané saking karepmu, betjik kinèn mungguh langgar, dimènè tumuli linggih.

Reged ora dadi ngapa, jèn wus lunga tilasé disirami. Hasan Besari gja dawuh, uxong ala lungguha, kono baé ing djrambah lor-wétan iku, Gatolotjo sigra minggah, marang langgar mapan linggih.

Séndéjan prenan lor-wétan, bedudané maksih dipun sangkelit, nulja nitik karja latu, ngakep rokok tegesan, tegesané sadridji kebulé mabul, mratani sadjroning langgar, ambetipun sengak sangit.

Para santri tutup grana, wonten ingkang ngalih dènira linggih, Hasan Besari amuwus, sira djenengmu sapa, wangsulané Gatolotjo araningsun, Hasan Besari tetannja, apa kang sira-sangkelit.

Sumaur iki watangan, watangané tjipta pikir kang ening, ana déné pentolipun, iki arané tjupak, prelu kanggo mapak kawruh ingkang luput, obaté tjandu lan bakal, ron awar-awar kinardi.

Dadi arang ingkang tawar, jèn katjampuh obat kalawan mimis, ora wurung kena bendu, mimis glintiran madat, jèn wus awas patitisé damar murub, lésané putjuking ilat, sentilé napas kang lungid.

Tjetuté aran dzatu'llah, rasa awor ngumpul dadi sawidji, mandjing marang tjetutipun, rumasuk djroning badan, sumarambah kulit daging balung sungsum, tyasingsun padang nerawang, ora kéwran kabèh pikir.

BEBANTAHAN BALSAPAH

Hasan Besari ngandika, sira wani mapaki kawruh-mami, nganggo sira wani nglebur, mring sjara' Rasulu'llah, apa sira nampik urip demen lampus, ora wedi mandjing nraka, ora mèlik mungguh swargi.

Gatolotjo alon ngutjap, kaja apa bisané nampik milih, wus pinesti mring Hjang Agung, sakèhing kasusahan, iku dadi duwèké marang wong lampus, déné sakèhing kamuljan, dadi duwèké wong urip.

Jèn wong urip iku susah, metu saking takdirira pribadi, ingkang gawé susah iku, déné Kang Maha Mulja, sipat murah puniku kagunganipun, nanging kabèh sipat samar, ora kena tinon lair.

Sira ingkang tanpa nalar, éndah-éndah ingkang sira-rasani, suwarga naraka iku, mangka katon wus tjeta, sapa-sapa ingkang mulja uripipun, iku ingkang mandjing swarga, sapa mlarat mandjing geni.

Ja iku mañdjing naraka, Kjai Hasan Besari amangsuli, suwarga naraka iku, bésuk anèng achirat, Gatolotjo sumaur sarwi gumuju, lamun bésuk ora nana, anané namung saiki.

Kjai Guru saurira, njata nakal rembugé djanma iki, maido marang Hjang Agung. lan sjara' Rasulullah, pantjèn wadhib pinatènan dimèn lampus, lamun maksih awèt gesang, akarja sepining masdjid.

Gatolotjo alon ngutjap, ora susah sira matèni mami, nganggo gaman tumbak duwung, saiki ingsun pedjah, Kjai Hasan Besari asru sumaur, iku lagi tatanira, wong mati tjangkemé tjriwis.

Awaké wutuh lir retja, Gatolotjo alon dènnja nauri, jèn patiné kéwan iku, nganti gogragé badan, mati aking ja iku patining kaju, jèn ilang patining sétan, ingkang kaja awak-mami.

Ora mudjud ora ilang, mangka iku ingsun uga wus mati, kang mati iku nepsuku, mulané kabèh salah, ingkang urip budi pikir nalar djudjur, pisahé rag lan njawa, kinarja tundaning lair.

Iku ingkang aran sadat, isahira kawula lawan Gusti, lunga pisah tegesipun, dadi roh Ra ulu'llah, jèn wis pisah ragané lan Suksma iku, rasa pangrasa lan tjahja, panggonané ana ngendi.

Kjai Guru saurira, bener ingsun luluh awor lan siti, rasa lan pangrasa iku, kalawan tjahja gesang, pan kagawa, ija marang Suksmanipun, kabèh munggah mring suwarga, Sang 'Idjrail ingkang ngirid.

Lamun Suksmané wong Islam, kang netepi salat limang prakawis, sarta akèh pudjinipun, rina wengi tan owah, anetepi djabat salat pasanipun, pitrah ing dina rijaja, jèn katrima ing Hjang Widdhi.

Kaunggahaken suwarga, krana manut paréntahé Djeng Nabi, kabèh olèh-olèhingsun, kang wus kasebut sjara', jèn Suksmané wong kapir ingkang tan manut, dawuhé Djeng Rasulullah, pinandjingaken juman.

Awit mukir mring Panutan, jèn wong kapir dadi sa'runing Widdhi, Gatolotjo asru muwus, déné Ingkang Kuwasa, nganggo njatru marang wong kapir sadarum, lamun sira tan pratjaja, maring kudrating Hjang Widdhi.

Maido kuwasaning Hjang, dènnja karja warnané umat Nabi, anané kapir puniku, sapa kang gawé kopar, lawan manèh ingkang karja uripipun, akarja bedja tjilaka, tan lija Hjang Maha Sutji.

Upama Allah duwéja, satru kapir murtat mrang Hjang Widdhi, betjik sadurungé wudjud, tinitah anèng dunja, dadi ora duwé satru ing Hjang Agung, jèn mengkono Allahira, iku ora duwé budi.

Demen karja kasusahan, adu-adu wong Islam lawan kapid, béda kalawan Allahku, mepeki ing aguna, anuruti sakarepé umatipun, ora ana kapid Islam, béda-béda kang agami.

Tegesé aran agama, panganggoné ngabékti mring Hjang Widdhi, ing sasebut-sebutipun, waton terus kéwala, tanpa salin agamané langgeng terus, sapa kang salin agama, nampik agamané lami.

Iku kapid aranira, krana nampik papestèné Hjang Widdhi, agamamu iku. kupur, nampik leluhurira, sasat nampik papestènira Hjang Agung, panjebutmu sija-sija, anebut namaning Widdhi,

Sira iku bisa kanda, lamun kapid Suksmané mandjing geni, Suksmané wong, Islam iku, kabèh mandjing suwarga, apa sira wis tau nglakoni lampus, weruh suwarga naraka, panggonané anèng ngendi.

Hasan Besari angutjap, kang kasebut sadjroning kitab-mami, Gatolotjo sru gumuju, sira santri keparat, ngandel marang daluwang mangsi bukumu, nurun bukuné wong sabrang, dudu tinggalan naluri.

Buku tembung tjara 'Arab, tan ngopèni buku saking naluri, sajektiné kabisanmu, mung kitab sembarangan, sira-gawa olèh-olèh lamun lampus, katur marang Gusti Allah, bali ingkang duwé maning.

Bakalé apa katrima, krana iku kagungané pribadi, sakèhé pudji dikirmu, kabèh pangutjapira, iku uga kagunganira Hjang Agung, mangka sira-aturena, bali marang kang ndarbèni.

Apa ora nemu dosa, iku kabèh kagungané Hjang Widdhi, kaprijé olèhmu matur, Kjai Guru saurnja, sira iku maido kitabing Rasul, Gatolotjo alon ngutjap, ten pisan maido mami.

Sawusé sira tumingal, mring uniné buku daluwang mangsi, pikiren kanjataanmu, rasané saking sastra, sarta manèh sira iku mau ngaku, bésuk lamun sira pedjah, anggawa sanguning brangti.

Asmaradana

Rèhning sira wis ngakoni, béndjang lamun sira pedjah, rasakna badanmu kuwé, kalawan tjahjamu gesang, obah-osiking manah, anggawa lapal Suksmamu, munggah mring suwarga loka.

Sang 'Idjrail ingkang ngirid, sowan ngarsané Hjang Suksma, jèn mangkono sira kuwé, ora ngamungaa nèng dunja, olèhmu dadi bangsat, anèng chirat dadi pandung, anggawa dudu duwèknja.

Sira anèng dunja iki, kadunungan barang gelap, ora tuku ora njilèh, sira-anggo saben dina, ing mangka anèng chirat, anggawa dudu duwèkmu, dunja chirat dadi bangsat.

Tanpa gawé djungkar-djungkir, nambah salat madep kéblat, tjlumak-tjulumik kumetjapé, angapalaké-alip lam, tegesé iku lapal, angawruhana asalmu, urip praptèng kailangan.

Sirèku kaliru tampi, ngawruhi asalé wajah, subuh luhur mjang 'asaré, mahrib lawan bakda 'isja, sajekti tanpa guna, sipat urip duwé irung, pada weruh marang wajah.

Jèn mangkono sira kuwi, mung mangéran marang wajah, tan mangéran Ingkang Gawé, lamun bengi sarta awan, pidjer ketungkul wajah, ora mikir mring awakmu, urip praptèng kailangan.

Rasané badanmu kuwi, kagungané Rasulu'llah, tjahjané uripmu kuwé, kagunganira Pangéran, obah-osiking manah, Muchammad kang nggawa iku, duwèkmu amung pangrasa.

Mangka sira-gawa kuwi, ora sira-ulihena, balékna marang Kang Duwé, jèn sira-maksih anggawa, titipan tri prakara, apa sira ora lampus, Kjai Guru duk mijarsa.

Ketuné binanting siti, muring-muring ngutjap sora, mring ngendi nggonku ngulihké, ingsun tan rumasa njelang, titipan tri prakara, Gatolotjo gja gumuju, sira urip tanpa mata.

Upama padanging rawi, asalira saking surja, sirna kalawan srengéngé, kalamun padangé wulan, asalé saking wulan, sirnané kalawan santun, bali manèh asalira.

Hasan Besari nauri, krana ngapa rasanira, lan tjahjamu urip kuwé, mjang obah-osiking manah, tan sira-ulihena, marang Kang Kagungan iku, Gatolotjo asru njentak.

Ingsun iki ora wani, ngulihaké durung masa, jèn tan ana pamunduté, ingsun wedi bok kinira, anampik sihirèng Hjang, manawa nemu sesiku, Hasan Besari angutjap.

Kang kasebut kitab-mami, saking Nabi Rasulu'llah, mangka muni mréntahaké, sakèhé umat Muchammad, salat witri rijaja, Gatolotjo gja sumaur, sirèku kaliru tampa.

Kaprijé salatmu kuwi, kang katur Nabi Muchammad, Kjai Guru pangutjapé, salat witri iku ija, salat sakoberira, Gatolotjo alon muwus, sirèku kaliru tampa.

Jèn mangkono sira kuwi, dudu umat Rasulu'llah, déné sira ngèstokaké, sari'até nabi lima, endi panembahira, mring Nabi Muchammad iku, Kjai Guru saurira.

Sembahingsun salat witri, ija ing samasa-masa, Gatolotjo pamuwusé, sira iku santri mblasar, mangka Nabi Muchammad, tetéla Nabi Panutup, tunggulé nabi sadaja.

Paréntahé ora sisip, wus kapatjak anèng kitab, ingkang salah sira dèwé, kinèn sudjud kaping lima, rina wengi mangkana, èsuk-èsuk wajah subuh, sudjud tumrap maring Adam.

Iku dudu Adam Nabi, adam suwung sudjudana, kang suwung langgeng anané, marmanira sinudjudan, déné luwih kuwasa, ngilangaké peteng iku, kagentèn padanging surja.

Panasé saja ngluwihi, saking kuwasaning Allah, surja iku darma baé, sakèhé manusa dunja, samja susah sadaja, krana saking panasipun, Nabi Muchammad paréntah.

Marang umatira sami, supaja pada sudjuda, marang Kang Murbèng 'alamé, tatkala patang raka'at, kabèh pada nuwuna, mring sudané panas iku, lan sudané dosanira.

Lan pada nuwuna maning, linanggengna kaluhuran, kaja luhuré srengéngé, pramilané lama-lama, tumurun saja andap, dadya asrep panasipun, wong akèh ngarani 'asar.

Nabi Muchammad ningali, paréntah mring umatira, supajané sudjud manèh, sarta pada nenuwuna, langgeng ananing Suksma, lan pada nuwuna iku, linanggengna kaluhuran.

Pangéran Kang Maha Luwih, anggandjar ing asorira, linanggengna kamuljané, dadiné bisa kalakjan, tumurun saja andap, mulané ngaranan surup, sira pada sumurupa.

Kuwasanira Hjang Widdhi, bisa gawé peteng padang, gawé unggul lan asoré, kang padang tegesé gesang, kang peteng iku pedjah, Nabi Muchammad andulu, paréntah mring umatira.

Dèn purih sudjuda maning, marang Ingkang Murbèng 'alam, déné luwih kuwasané, bisa gawé peteng padang, lan gawé pedjah gesang, bilahi asor lan unggul, lama-lama kang baskara.

Djagadé datan kaèksi, petengé saja katara, amratani djagad kabèh, manusané 'alam dunja, rumasa kasusahan, krana saking petengipun, amarga uruping surja.

Sagungé umat nuruti, nenuwun marang Pangéran, kanti nangis panuwuné, mulané ngaranan 'isja, tegesé anangisa, marang Ingkang Murbèng luhur, nenuwun supaja padang.

Kagentèn padanging sasi, sakèhé manusa suka, uninga wulan tjahjané, padang sarta ora panas, tjatjadé mung pisahan, mulané ingaran santun, santun warna saben dina.

Tegesé sasi samja sih, Kjai Guru aris modjar, kitab apa patokané, Gatolotjo angandika, Baru'lkalbi arannja, mangretiné barul : laut, déné kalbi iku manah.

Ati kang kaja djaladri, tanpa wates djero djembar, lan manèh akèh isiné, Hasan Besari tetannja, sira ora sembahjang, Gatolotjo aris muvus, sembahjang langgeng tan pegat.

Sudjud-mami sudjud éling, kéblatku tengahing djagad, bareng napasku sudjudé, napasku metu mbun-bunan, salatku mring Pangéran, metu saking utekingsun, sembahjangku mring Hjang Suksma.

Ingkang metu lésan-mami, sembahjang mring Rasulu'llah, kang metu irungku-kijé, ingkang dzat pratandanira, iku taliné gesang, kabèh saking napasingsun, sebutku Allahu Allah.

Sira pada ora ngreti, Rasulu'llah sabatira, iku durung linairké, lintang wulan lawan surja, 'alam dunja wus ana, jekti tuwa surjanipun, iku kang kitab Anbija.

Kang tinitahaké dingin, déning Hjang tjahja Muchammad, iku lawan sahabaté, nanging wudjud eroh samja, nèng djroning lintang djohar, mangka lintang djohar iku, wadagé eroh sadaja.

Babonira saking urip, dadi saking Nur Muchammad, lintang rembulan srengéngé, ora lija asalira, pan saking Nur Muchammad, mangka lintang djohar iku, dadi puseré Muchammad.

Jèn sira-maido mami, dadi nampikaken sira, mring Kurán sesebutané, Hasan Besari mijarsa, rumaos kaungkulan, mangkana dènira muwus, wis Gatolotjo minggata.

Gatolotjo anauri, sun linggih langgaré Allah, kabeneran panggonané, iki anèng tengah djagad, ing sun seneng kapénak, linggih langgar karo udut, ngentèni préntahing Allah.

HASAN BESARI KALAH BANTAHE

Sakala Hasan Besari, sidakep kèndel kéwala, puwara alon wuwusé, wus dadi prasetyaningwang, kalamun bantah kalah, kabèh iki darbèkingsun, sira wadajib mengkonana.

Ingsun rila lair batin, langgar wisma barang-barang, pasrah sah duwèkmu kabèh, santri murid ing Tjèpèkan, ingkang seneng ngawula, marang sira anggeguru, wulangen 'ilmu utama.

Para Kjai mitra-mami, ing sun sumarah kéwala, apa kang dadi karsané, manira saiki uga, nedya lunga lelana, kabèh kèrija rahaju, Hasan Bèsari gja mangkat.

Nalangsa rumasa isin, saparan kalunta-lunta, katiwang-ti-wang lampahé, ingkang kantun ing Tjèpèkan, Gatolotjo sinèba, para murid tigang atus, andèr samja munggèng ngarsa.

GATOLOTJO PEPELING MARANG PARA SAHABAT

Gatolotjo sukèng galih, angandika mring sahabat, sanak-sanakingsun kabèh, jèn sira arsa rahardja, poma-poma élinga, ajwa tiru lir gurumu, anggepé sawenang-wenang.

Kang mangkono ora betjik, ngina-ina mring sasama, umat iku pada baé, pinter bodo betjik ala, bedja lawan tjilaka, wong kuli tani prijantun, lanang wadon ora béda.

Wus pinesti mring Hjang Widdhi, tan kena ingowahana. papestèné dèwé-dèwé, mulané betjik narima, ajwa katungkul sira, urip iku bakal lampus, anèng dunja ngélingana.

Adja djud rija lan kibir, sumengah nggunggung sarira, opèn dahwèn panastèné, karem dora pitenahan, djail silib mèlikan, angapusi agal alus, anggluwèh demen sikara.

Adja pisan ladak edir, watak angkuh ngudja hawa, adja wareg mangàn saré, nglakonana sawatara, ingkang sabar takawal, ingkang sumèh adja nepsu, ngadjèni marang sasama.

Adja sira gawé serik, adja sira gawé gela, adja gawé wedi kagèt, iku aran nadjis haram, njandang mangari ingkang sah, iku lakuné wong 'ilmu, tan kena kanti sembrana.

GATOLOTJO APITUTUR SOAL PASEMONING 'ILMU

Kinanti

Kudu ingkang nrimèng pandum, sumarah karsaning Widdhi manusa darma kèwala, saikiné sun-takoni, apa mantep trusing drija, ngaku bapa marang mami.

Lamun sira wus tuwadjuh, gugunen pitutur iki, nanging sira adja samar, tan kena maido 'ilmi, jèn maido kena tjendak, uripé kamuljannèki.

Kabèh sira anakingsun, badénen pasemon iki, lamun bengi ana apa, jèn awan ingkang ngebeki, apa ingkang ora nana, sa tuhuné ija endi.

Adoh tanpa wangen iku, tjedak tan sénggolan iki, jèn adoh katon gumaawng, jèn tjedak datan kaèkst lamun isi ana apa, jèn suwung luwih mratani.

Lembut tan kena djinumput, agal tan kena tinap̄sir, ingkang amba langkung rupak, kang tjijut wijar nglangkungi, bumbung wungwang isi apa, sapa nèng ngarepmu kuwi.

Jèn lanang tan duwé djalu, jèn wadon tan duwé belik, ija kéné ija kana, ija ngarep ija buri, ija kéring ija kanan, ija ngandap ija nginggil.

Baitané, ngemot laut, kuda ngrap pandangan nenggih, tapaking kuntul ngalajang, pambarep adiné ragil, si welut ngelèng ing parang, kodok ngemuli lèngnèki.

Wong bisu asru tjalatu, djago kluruk djro ndognèki, wong pitjak amilang lintang, wong tjébol anggajuh langit, wong lumpuh ngideri djagad, anèng ngendi susah angin.

Anèng ngendi wohing banju, mjang atiné kangkung kuwi, golèk geni nggawa dijan, wong ngangsu pikulan warih, kampuh putih tumpal petak, kampuh ireng tumpal langking.

Tumbar isi tompo iku, randu alas angrambati, mring uwit
sèmbukan ika, sagara kang tanpa tepi, rambut ireng dadi petak,
ingkang petak saking ngendi.

Irengé mring ngendi iku, kalawan kang dijan mati, urubé
mring ngendi ika, golèkana kang pinanggih, jèn tan wèruh sija-
sija, durung sampurna kang 'ilmi.

Inggang sarah munggèng laut, gagak kuntul saba sami, duk
méntjok si kuntul ika, si gagak ana ing ngendi, gagak iku nulja
teka, si kuntul miher mring ngendi.

Prajoga kudu sumurup, kabèh sira anak-mami, pralambang
iku rasakna, kang katemu pada djati, sadjatining rasa ika, rasa
djroning djalani.

Sasmitanen ingkang wimbuh, kawruhana utjap iki, kalawan
pangrungunira, sarta paningalmu ugi, tan ana utjap dwi ika, dadi
solah-tingkabhèki.

Ora sak tan serik iku, tan tesbèhmü dzatu'llahi, kang krasa
jèn datan mangan, dèn krasa jèn minum nenggih, sembahjanga
dèn karasa, dèn krasa dzatu'llah kuwi.

GATOLOTJO MEDARAKE SOAL-DJAWABING 'ILMU

Kang wus sawural Allahu, iku aran salat daim, ana manèh
ingaranan, martabaté kasdu kuwi, lawan ta'ul ta'jin ika, ma-
ngretiné kasdu kuwi.

Pikarepé nijat iku, tjiptané ingkang dumadi, déné ta'ul
tegesira, pamekasing nijat nenggih, dumadiné panggraita, ma-
ngretiné ingkang ta'jin.

Iku njata jèn satuhu, wasésané nijat kuwi, dumadiné ingkang
tjipta, tjitané iku sajekti, ingkang kasdu kuwi iman, ingkang
ta'ul iku tohid.

Kang ta'jin ma'rifat iku, kang iman jèn ana kuwi, ing nijat
ingkang gumlètak, jekti iku ora serik, tansah ningali ing Allah,
kang tohid nengé mjang osik.

Glètèké paningal iku, pamjarsa pangutjapnèki, njata angen-
angenira, ingkang ngglètèkaken Widdhi, mjarsa ngutjapken
pestinja, Allah ta'ala ngimbuhi.

Dadi adja sak srik iku tingalira mring Hjang Widdhi, ana
déné kang ma'rifat, iku nengé lawan mosik, anenggih paningalira,
pangruno pangutjapnèki.

Dadi lan ing dèwèkipun, tegesé iku sajekti, bila : tesbèh
liré ika, tan loro kahanannèki, apan mung Allah kéwala, ingkang
mosik meneng kuwi.

Pamijarsa lan pandulu, njatané kahanan iki, poma adja sak srik ika, sasmita sariranèki, kang dèn utjap ingkang ngutjap, tan lija Kang Maha Sutji.

Kudu ingkang awas émut, ora nana lija maning, lamun sira tinakonan, apa pangadjapé Widdhi, mangkéné wangsulanira, pangawruhingsun mring Widdhi.

Kawimbuhan 'ilmunipun, Pangéran Kang Maha Suji, ana manèh soalira, apa ingkang dèn arani, saketjap sarta satindak, meneng mung sagokan kuwi.

Nulja saurana gupuh, udjar saketjap puniki, kang ngutjap nenggih Hjang Suksma, kang mlaku satindak Widdhi, kang meneng sagokan ika, ingkang wus angèl nggolèki.

Hjang Suksma ja dirinipun, sarta lamun dèn takoni, pira martabating tingal, saurana tri prakawis, tasnip ingkang kaping pisan, insan-kamil kaping kalih.

Kadil-kapri kaping telu, tasnip : idèp tegesnèki, insan-kamil : kang sampurna, iku kadya roh idlafi, utawa tasnip semunja, tingal luluh sampurnaning.

Wahju iku tegesipun, ingkang paningalé sidik, iku tetep wahjunira, pramilané samja wadjio, dèn weningna prabédanja, anggèkira aningali.

Mring nabi wali mukminu, nabi tetep tingalnèki, déné para mundur ika, ing tingalé wali mukmin, pira martabating lampah, wangsulana dwi prakawis.

Dingin kadya geni iku, kaping kalih kadya angin, semuné kang kadya brama, penet panasé pribadi, tegesé sira mrih énggal, panrima kasuwèn déning.

Inggang angin tegesipun, penet tan kena pinurih, tegesé wus ora pisan, susah angulati malih, pira martabating badan, saurana tri prakawis.

Wondéné ingkang rumuhun, kadya tanggal ping pat nenggih, ping dwi kadya tanggal sanga, tanggal ping patbelas ping tri, tegesé tanggal kaping pat, tulis lair tulis batin.

Kadya tanggal sanga iku, luluh sirna tegesnèki, kahananira Pangéran, tanggal ping patbelas kuwi, déné sasedyané sama, kadya Kang nDadèkken nenggih.

Wus tumeka wangenipun, tekané kawula kuwi, ora kadya jèn dadija, dadi Gusti kang sajekti, nanging jekti dadi uga, pira martabat pamanggih.

Saurana lima iku, kang dingin kleteking ati, ingkang kaping kalihira, katepeking lampah nenggih, pandjriting tangis ping tiga, ketuk nutu ping pat nenggih.

Tjlerèt ngantih ping limèku, déné pandjriting wong nangis, lawan kleteking wardaja, mjang tepeking wong lumaris, tuhuné iku pangutjap, martanipun achir kadi.

Kadya kapilaku iku, ing tékadé kang wus tampi, tjalerèting ngantih ika, lir sipat djamalu'llahi, ketuking nutu upama, wedalé pangutjapnéki.

Njata ora mamang iku, ora susah angulati, Hjang Agung Kang Maha Mulja, kang ngutjap iku Allahi, poma adja pindo karja, puniku ingkang sadjati.

Martabaté bumi iku, saurana tri prakawis, dzating roh idlafi ika, kaping pindo roh djasmani, kaping telu tanpa prenah, tanpa tuduh tanpa jekti.

Kang aran Muchammad iku, kang hakiki kang madjadji, iku nuli saurana, kang aran Muchammad Nabi, déné kang hakiki ika, ija dzatu'llah idlafi.

Nabi Muchammad puniku, anenggih ingkang madjadji, dzatu'llah djasadi ika, kang hakiki kang madjadji, loro-loroning atunggal, njatané jèn sira kuwi.

Inkang tanpa prenah iku, lawan tanpa tuduh kuwi, ing hakékaté dzatu'llah, tan lija pesti sirèki, krana sadjatiné sira, poma adja pindo kardi.

Martabat nugrahan iku, lamun sira dèn takoni, pira nugrahaning sadat, saurana tri prakawis, iku ingkang ping sapisan, ngeningaké imannéki.

Ping dwi ngeningken tyasipun, ana déné kang kaping tri nglampahaké panggaotan, nugrahaning salat nenggih, saurana tri prakara, megat karsa ingkang dingin.

Tinggal tjipta kalihipun, amadep ingkang kaping tri, nugrahaning takbir pira, saurana tri prakawis, dingin kawruh dwi kawruhnja, djatining weruh kaping tri.

Pituturku durung rampung, nanging iku baé disik, krana ingsun arsa lunga, ora lawas ingsun bali, mréné manèh mulang sira, diméné imbuhan mangreti.

GATOLOTJO LUNGA ANDARUNG LAKUNE

Gambuh

Anak murid sirèku, kabèh pada kèrija rahaju, lilanana saiki manira pamit, Gatolotjo mangkat gupuh, lumampah idjèn kémawon.

Mider-mider ngelantur, sedyanira angupaja mungsuh, sagung pondok guru santri dèn lurugi, binantah ing kawruhipun, jèn kalah dipun pepojok.

Ana ingkang ginuju, kapok kawus santri kang tan urus, wus dilalah karsaning Kang Maha Luwih, Gatolotjo tyas kalimput, mêngkü takabur ing batos.

Pangrasanira iku, sapa menang padon karo aku, padu kawruh ingsun wus pundjul sasami, marmané manggih sesiku, kasiku déning Hjang Manon.

Kang sipat samar iku, Gatolotjo tan rumasa luput, jèn andulu ingkang bangsa lair batin, kaélokaning Hjang Agung, karja lakon langkung elok.

Gatolotjo andarung, lampahipun terus minggah gunung. Endragiri wastanira ingkang wukir, sadaja santri ing gunung. binantah kawruhnja kawon.

Djedjangan para wiku, resi bujut wasi lan manguju, dèn lurugi bantah kawruh sjara' 'ilmi, ingkang kawon dèn geguju. Gatolotjo asru mojak.

Solah tingkah kumlungkung, ngrèngkèl nakal remen-njrèkal digung, watak edir 'ilmu sjara' dèn pabeni, mila saja tjamahipun, ja ta genti winiraos.

ENDANG RETNA DEWI LUPITAWATI ING DEPOK TJEMARADJAMUS

Ing Endragiri gunung, wonten éndang gentur tapanipun, apeparab Retna Déwi Lupitwati, sadaja punggawanipun, samja èstri maksih anom.

Satunggal wastanipun, apeparab Déwi Mlenukgembuk, nama Déwi Dudulmendut kang satunggil, merak-ati dasar aju, tjantrik kalih ugi wadon.

Satunggal namanipun, akekasih Déwi Rara Bawuk, kang satunggal Déwi Blèwèh kang wewangi, gapjak sumèh kaduk tjutjut, nèng ngarsa gusti tan adoh.

Sang Retna depokipun, jèku depok ing Tjemaradjamus, pratapané ing guwa Sèluman werit, angker sinengker barukut, boten sembarangan uwong.

Bangkit uningèng ngriku jèn tan antuk lilané Sang Aju, déné lamun wus kepareng dèn idèni, kaidèn ingkang amengku, sinomé guwa katongton.

GATOLOTJO MANDJING DEPOK TJEMARADJAMUS

Sinòm

Ingang samja nèng asrama, Retna Déwi Lupitwati, lagja sakétja ngandikan, lawan tjèti emban tjantrik, kagèt dupi umèksi, dumateng wau kang rawuh, sadjuga djanma prija, lenggah sanding para èstri, Mlenukgembuk sigra nabda atetannja.

Lah sira iku wong apa, wani malbèng Endragiri, rupamu ala tur kiwa, pinangkanira ing ngendi, lan sapa kang wewangi, angakuwa mumpung durung, tjilak sija-sija, apa tan kulak pawarti, lamun kéné larangan katekan prija.

Gatolotjo tansah njawang, boten pisan amangsuli, mendingong kèndel kéwala, lir bisu mung tjlumak-tjлумik, malah angiwi-iwi, lingak-linguk kukur-kukur, dèrèng purun tjantenan, nudingi mring tjäntrik èstri, dangu-dangu sumaur ngutjap mangkana.

Sun iki djanma utama, njata jèn lanang sadjati, kekasih Barangpanglusan, lan aran Barangkinisik, tetelu djeneng-mami, ananging ingkang misuwur, mantja pat mantja lima, tanapi mantja nagari, Gatolotjo puniku aran-manira.

Omahku ing tengah djagad, pinangkané saking wuri, nuruti sedyaning karsa, pramilané praptèng ngriki, prelu arsa pinanggih, marang sirèku wong aju, duh mirah pudjaningwang, lamun tjondong sun-rabèni, Mlenukgembuk muring-muring asru nabda.

Gumendung si asu ala, lantjang pangutjap kumaki, deksura tindak sembrana, adol bagus marang mami, ingsun tan pisan sudi, andeleng marang dapurmu, betjik sira minggata, adja katon anèng ngriki, éman-éman panggonan dèn ambah sira.

Wangsulané gemang lunga, malah sira mirah nuli, nurutana karsaningwang, duh wong aju sun-rabèni, mangsuli manas ati, wuwusé saja dalurung, si andjing kena sibat, tan kena ginawé betjik, mara agé tutugna dak-kepruk bata.

GATOLOTJO NGREREPI WANGSALAN

Gatolotjo saurira, wideng galeng (juju) duh maskwari, wong aju bok adja duka, kuwuk mangsa kolang-kaling (luwak), ron kang kinarja kikir (rempelas), welasana awakingsun, parikan djenang sèla (apu), apuranen sisip-mami, djalak pita (kapodang) sun-tjadang dadija garwa.

Baita kandeg samudra (labuh), lara wirang sun-labuhi, térong alit dedompolan (ranti), bok ija nganti sawarsi, bibis kulinèng tasik (undur-undur), sajekti tan nedya-mundur, wastra kang mawa tumpal (sarung), jèn durung mondong sirèki, isih tjuiwa atiku pan durung lega.

Lan manèh ngong ngrungu warta, gustimu Sang Lupitwati, misuwur lamun waskita, pinter mring sabarang 'ilmi, tan ana kang ngungkuli, sarta wus djumeneng wiku, lamun kapara njata, manira arsa nandingi, bantah kawruh sakarsané 'ilmu apa.

AMBATANG TJANGKRIMANE DEWI MLÈNUKGEMBUK

Mlenukgembuk saurira, badènen tjangkriman-mami, lan soalé gustiningwang, Retna Déwi Lupitwati, soalé emban tjantrik, jèn sira ngreti sadaram, nadyan rupamu ala, gustiku Sang Lupitwati, apa déné para tjèti tjankrikira.

Mestiné nurut kéwala, kabèh gelem anglakoni, Gatolotjo alon modjar, apa temen tan njidrani, upamané ngapusi, apa sira wani tanggung, jèn sira ora dora, sun-djawabé ing samangkin, lah utjapna tjangkrimané kaja ngapa.

Mlenukgembuk alon modjar, ana uwit agung sidji, pang papat godongé rolas, kembangé tanpa winilis, wohé amung kekalih, mung sawidji trubusipun, mubeng wolu pangira, puniku ingkang sawidji, ana déné tjangkriman ingkang satunggal.

Ingsun ningali maésa, katahé amung kekalih, nanging telu sirahira, badènen tjangkriman kuwi, Gatolotjo mijarsi, réka-réka tan sumurup, malenggong palingukan, ketjap-ketjap ketip-ketip, Mlenukgembuk gumudjeng alatah-latah.

Kowé manèh jèn bisa, ambatang tjangkriman iki, daptumu ala tur kiwa, Gatolotjo anauri, mengko disik pinikir, supaja bisa katemu, mara pada rungokna, wong kabèh kang anèng ngriki, sun-badéné bener luput saksénana.

Ananging kalamun salah, adja pada ngisin-isin, bismillah mbadé tjangkriman, tjangkrimané wong mirak-ati, wit agung mung sawidji, iku djagad tegesipun, pang papat iku kéblat, godong rolas iku sasi, trubus sidji epang wolu warsa.

Kembang tanpa wilang lintang, minangka woh loro kuwi, anané surja rembulan, lan manèh ingkang sawidji, sira iku ningali, kebo loro ndasé telu, iku wus dadi lumrah, kebo alam dunja iki, lanang wadon ketel wulu sirahira.

Gatolotjo alon ngutjap, apa bener apa sisip, mangkono pambatangingwang, mring tjangkrimanira iki, Mlenukgembuk mijarsi, wus kabatang soalipun, rumasa jèn kasoran, sedot mundur sarwi ngilirik, alon ngutjap saiki narima kalah.

AMBATANG TJANGKRIMANE DEWI DUDULMENDUT

Dudulmendut sigra mapan, mèsè-mèsè angèsemi, wus ajun-ajunan lenggah, Gatolotjo nulja angling, soal apa sirèki, sun-badéné tjangkrimanmu, Dudulmendut angutjap, mangkéné tjangkriman-mami, mara agé badènen ingkang pratéla.

Ing ngendi prenahé iman, ing ngendi prenahé budi, ing ngendi prenahé kuwat, apa ingkang luwih pait, lan ingkang luwih manis, luwih atos saking watu, apa kang luwih djembar, ngungkuli djembaring bumi, apa ingkang luwih duwur saking wijat.

Apa ingkang luwih panas, ngungkuli panasing geni, luwih adem saking toja, luwih peteng saking wengi, endi aran ningali, lan endi kang luwih luhur, endi kang luwih andap, apa ingkang luwih gelis, akèh endi wong gesang lawan wong pedjah.

Wong sugih lawan wong nista, wong djalu lawan wong èstri, wong kapisir lawan wong Islam, mara badéne saiki, Gatolotjo nauri, pernahé iman puniku, anèng djantung nggonira, ing utek pernahé budi, otot balung pernahé panggonané kuwat.

Prenahé wirang ing mata, ing dunja kang luwih pait, batiné wong kang malarat, déné ingkang luwih manis, batiné wong kang sugih, lamun wong kang luwih lumuh, kang blilu tan wruh sastra, ingkang aran aningali, iku djanma ingkang wruh ilmuning Allah.

Ing ngendi kang luwih perak, ing dunja kang luwih gelis, ingkang luwih bungahira, iku marmaning Hjang Widdhi, kang amba luwih bumi, jekti pandeleng puniku, landep luwih kang bradja, iku nalaré wong lantip, ingkang adem luwih toja ati sabar.

Luwih atos saking sèla, atiné wong dangkal pikir, atiné wong kang brangasan, panasé ngungkuli geni, wong djalu lan wong èstri, jekti akèh wadonipun, sanadyan wujud lanang, tan weruh tegesé èstri, kena uga sinebut sasat wanita.

Wong urip lan wong palastra, temené akèh kang mati, sanadyan wujudé gesang, kalamun wong tanpa budi, iku prasasat mati, wong sugih lan wong nistèku, mesti akèh kang nista, sanadyan sugih mas pitjis, lamun bodo tanpa budi tanpa nalar.

Kena sinebut wong nista, tan duwé pakarti bédjeng, kalamun ing rahmatu'llah, wong Islam lawan wong kapisir, Islam kapisir mung lair, jèn tan ana anggitipun, manawa datan wikan, pranatanira agami, tetep kapisir jektiné djanma punika.

Wong iku njata pinteran, tan kena dèn medjanani, Dudulmendut mundur sigra, sarwi awatjana aris, wus bener ora sisip, saikiné ingsun teluk.

AMBATANG TJANGKRIMANE DEWI RARA BAWUK

Rara Bawuk gja mapan, mangkana dènira angling, ndika-bedèk Gus Ngantèn tjangkriman-kula.

Kabèh ingkang sipat gesang, kang ana ing dunja iki, pangutjapé pirang ketjap, mangka lèklu iku klimis, Gatolotjo mijarsi, réka-réka tan sumurup, malenggong palingukan, gèdèg-gèdèg angutjemil, Rara Bawuk gumudjeng alatah-latah.

Sarwi kepluk bokongira, angèndjepi ngisin-isin, sira manèh jèn bisaa, andjawab tjangkriman-mami, dapurmu andjenginggis, kaja antu lara ngelu, Gatolotjo angutjap, mbuh bener mbuh luput iki, sun - badéné di adjeng tjangkrimanira.

Utjapé kang sipat gesang, kang ana ing dunja iki, pan amung salikur ketjap, nora kurang nora luwih, déné sastra kang muni, pan ija amung salikur, kabèh utjaping djalma. kang ana ing dunja iki, lèklu klimis ija iku tegesira.

Telèk nèng alu lesungan, jèn ditjekel jekti amis, salawasé durung ana, telèk ingkang mambu wangi, Rara Bawuk mijarsi, jèn kadjawab soalipun, rumasa katiwasan, ora wurung dirabèni, sentot mundur sumingkir semu kisinin.

Angutjap ing sun wus kalah, sapréntahmu sun-lakoni.

AMBATANG TJANGKRIMANE DEWI BLEWÈH

Gantya Déwi Blèwèh mapan, lenggah nedya bantah 'ilmi, Sang Déwi Blèwèh angling, badènen tjangkrimaningsun, isiné 'alam dunja, kabèh ana pirang warni, lawan pira rasané lamun pinangan.

Sun andulu wudjudira, adegé wolung prakaw.s. pikukuhé raga tunggal, sipat papat kéblat kalih, patbelas ingkang kèri, kang loro tutup-tinutup, samja mandjer bandéra, kekalih pating karingih, lah badènen mangretiné kadi paran.

Gatolotjo duk mijarsa, réka - réka tan mangerti, mung deleg-deleg kéwala. Déwi Blèwèh ngisin-isin, lénggak-lénggak nudingi, malérok sarwi gumuju, sira masa bisaa, ambatang tjangkriman-mami, wong dapurmu saru kiwa ireng mangkak.

Gatolotjo, saurira, mengko sun-pikiré disik, bismillah mbadé tjangkriman, tjangkrimané genduk kuwi, isiné dunja iki, amung sanga katahipun, ingkang kinarja ngétang, angkané mung sangang idji, ora nana ingkang luwih saking sanga.

Sawusé djangkep sadasa, bali marang sidji maning, iku tandané mung sanga, isiné ing dunja iki, kabèh mung sanga kuwi, kahanané rupa iku, jektiné nem prakara, widjangé sawidji-widji, ireng biru putih kuning idjo abang.

Lija iku ora nana, rupa ingkang mantja warni, iku pada ngemu rasa, déné kabèh kang binukti, ing'alam dunja iki, rasané mung ana wolu, legi gurih kalawan, pait getir pedes asin, sepet ketjut ganepé wolung prakara.

Adu bokong tegesira, genah lamun asu andjing, pada adu bokongira ngadeg suku wolung idji, kéblatira kekalih, madep ngalor lawan ngidul, sipaté iku papat, matanira patang idji, la-wangané bolongan ana patbelas.

Tjangkem irung miwah karna, silité kalawan predji, gung-gungé kabèh patbelas, kang tutup-tinutup sami, pandjiné dakar predji, pating krengih endemipun, déné umbul puletan, bandéra buntuté kalih, ting djalentir lir bandéra karo pisan.

Apa bener apa ora, mangkono pambatang-mami, mara agé wangsulana, Déwi Blèwèh duk mijarsi, kacjawab soalnèki, sa-
kalangkung getun ngungun, nggardjita djroning nala, pinasti ka-
lawan takdir, awakingsun kinanti wong kaya sira.

Kinanti

Déwi Blèwèh nulja mundur, sarwi awatjana manis, ingsun
wus rumasa kalah, sakarepmu sun-lakoni, manira manut kéwa-
la, ora sumedya njélaki.

AMBATANG TJANGKRIMANE RETNA DEWI LUPITWATI

Namung kantun kusuma ju. Retna Déwi Lupitwati, mapan
lenggah arsa bantah, Gatolotjo nabda aris, sirèku kèri prijangga,
embané kalawan tjantrik.

Kalah bantah pada mundur, sira Déwi Lupitwati, apa nutut
apa bangga, sabudimu sun-kembari, Retna Déwi angandika, apa
saudjarmu kuwi.

Jèn sira ngarani teluk, jektiné teluk wak-mami, jèn sira
ngarani bangga, sabeneré ingsun wani, mung iki tjangkrimaning-
wang, kantahé telung prakawis.

Badénen ingkang dumunung, tegesé wong laki rabi, lan
tegesé wadon lanang, tegesé sadjodo kuwi, Gatolotjo saurira,
ora susah nganggo mikir.

Prakara tjangkriman iku tegesé wong laki rabi, ingkang
aran wadon lanang, ingsun uga wus mangreti, mung remèh gam-
pang kéwala, rungokna pambatang-mami.

Tegesé wong lanang iku, ala kang temenan kuwi, ija iku
ananingwang, rupané ala ngluwihi, wadon iku tegesira, genah
panggonané wadi.

Wadiné wong wadon iku, wudjudé wudjudmu kuwi, sabeneré
luwih ala, dunung sarta asalnèki, atjampur kalawan prija, tuduhna
kang ala iki.

Mula rabi aranipun, wong lanang amengku èstri, rahab
ngrahabi sadaja, kang ala lawan kang betjik, mula lanang aranira,
adja ngléndot marang èstri.

Mung iku pambatangingsun, apa bener apa sisip, Lupitwati
aturira, pukulun pepundèn-mami, saèstu leres sadaja, marmané
amba samangkin.

Nrimah kawon sampun teluk, sumanggèng karsa nglampahi,
muhung asrah djiwa raga, tan pisan nedya gumingsir, ing dunja
praptèng delahan, tetep mantep lair batin.

GATOLOTJO MULANG PARA GARWA

Gatolotjo sukèng kalbu, gumudjeng sarwi mangsuli, tuturira sun-tarima, lan manèh wiwit saiki, sirèku kabèh kèwala, tetep dadi garwa-maini.

Mulané sira sadarum, kudu manut gurulaki, sabarang paréntahingwang, abot èntèng ajwa nampik, lamun nampik sija-sija, tan wurung sida bilahi.

Wus lumrah wong lanang iku, wadjibé mengkoné rabi, sanadyan rupané ala, nanging pantes dèn adjèni, sinembah mring garwanira, krana aran gurulaki.

Solah tingkah murih patut, satiti angati-ati, tan kena kanti sembrana, jèn sembrana ora betjik, sanadyan lunga sadèla, kudu pamit marang mami.

Kadjaba kang kadi iku, rungokna pitutur-mami, amurih salametira, ajwa karem karja serik, dèn sabar ajwa brangasan, ngadjènana mring sasami.

Upama sira katemu, marang pamitranmu jaji, kalamun sira mitjara kudu ingkang sarwa manis, dimèné rena kang mjarso, ajwa nganti dèn èwani.

Jèn sira mitjara saru, utawa demen ngrasani, mring alané lijan djanma, sajekti akèh kang sengit, datan seneng malah èwa, sinebut wong kurang budi.

Upamané ana tamu, dèn énggal sira nemoni, kang srèsèh nuli bagèkna, linggihané ingkang resik, sirèku kang lembah manah, sokur bisa njugatani.

Sanadyan tan bisa njuguh, nanging sumèh ulat manis, tembungé gapjak sumanak, rumaket sadjak ngresepi, supaya tamuné suka, seneng ora gelis mulih.

Jèn sira semu marengut, kang mradaioh jekti wedi, kinira kalamun ladak, utawa kinira èdir, dèn arani ora lumrah, datan kurmat mring sasami.

Watak andap asor iku, wekasané nemu betjik, rahardja sugih tepungan, kinèringan mring sasami, linulutan pawong mitra, akèh ingkang tresna asih.

Kang garwa samja tumungkul, sadaja matur wot sari, duh pukulun kasinggihan, wulangipun gurulaki, saliring dawuh-paduka, sajekti kawula-pundi.

TETENGER SADJATINING WADON LAN SADJATINING LANANG

Gatolotjo alon muwus, rehning sira wus ngantepi, marma saking karsaningwang, kepéngin arsa udani, pratandané kang sanjata, apa bener sira èstri.

Samengko mrih genahipun, manira arsa nonton, mring pre-
nah tetengerira, wudjudé ingkang sadjati, sirèku pada lukara,
supaja tjeta kaèksi.

Para garwa alon matur, duh pukulun kadi pundi, dèné pa-
ring dawuh lukar, kawula lumuh nglampahi, krana saking boten
limrah, nalar saru tan prajogi.

Gatolotjo asru bendu, tuturmu pada ngantepi, mami ep lair-
batinira, mituhu mring gurulaki, kaja paran ing samagkja, tan
miturut préntah-mami.

Laraun rèwèl datan manut, sirèku bakal bilahi, sidané nemu
tjilaka, katiban gitik pandjalin, wong sidji kaping limalas, lan
manèh sun-sepatani.

Ananging jèn pada manut, nurut marang karep-mami, sawusé
lukar busana, nuli marang tilam sari, awakingsun pidjetana, su-
paja keselé mari.

Para garwa samja manut, tyas adjrih dèn supatani, sadaja
lukar busana, Gatolotjo duk umèksi, gumudjeng alatah-latah,
sarwi ngingkrang munggèng kursi.

Mangkana dènira muwus, saiki katon sadjati, wus tjeta
njata wanita, tengeré wadon kaèksi, warna-warna datan pada,
ana gedé ana tjilik.

Rèhning tjeta wus kadalu, wudjudnja sawidji-widji, akarja
renaning drija, ing samengko sun-lilani, kabèh pada tutupana,
ngagemna busana maning.

Jèn sirèku arsa weruh, marang sadjatining laki, duwèkingsun
tinggalana, betjike apa saiki, utawa mengko kéwala, sakarèpmu
sun-turutu.

Lamun sira ngadjak ngadu, duwèkmu lan duwèk-mami,
manira manut sakarsa, gelem baé ingsun wani, sira ngadjak ka-
ping pira, manira saguh ngladèni.

Retna Dèwi alon matur, pukulun pepundèn-mami, prakawis
nalar punika, amba tan kapéngin uning, dumateng wudjuding
prija, nuwun gunging pangaksami.

Kang awit pamanggih-ulun, kirang prelu aningali, kawula
datan mentala, lan malih boten prajogi, pramilané boten susah,
paduka paring udani.

Gatolotjo alon muwus, duh wong aju merak ati, sumèh se-
muné prasadja, susilèng solah respati, wangsalaan iki rungokna,
wulang mring siré wong manis.

WANGSALAN WULANG WANODYA

Dandangula

Djajèng sastra empaning lelungid (tjarik), sirik agèng djenenging wanudya, luput barang-rèh wuriné, wruh ing wekasanipun, tédja pandjang kang ngemu warih (kluwung), sindjang ageming prija (bebed), kang kedah sinawung, pawèstri katah rubednja, tadji sawung (djalu) ganda pangusaping lati (lenga krawang), kaluputé kawangwang.

Putran-denta (pratima) ron aglar ing siti (uwuh), pelem agung kang galak gandanja (kuwèni), éwuh-aja pratikelé, wanita tindak dudu, kuda midjil ing Tamansari (Kalisahak), piring siti (tjowèk) upama, dadya dèwèkipun, angrusak badan prijangga, sari tala (malam) dadaking ron (talutuh) sun-wastani, nalutuh 'alam dunja.

Kisma rempu, (lebu) atmadja Djumiril (Umarmaja), marmasèstri tan kalebu-wetja, Nata Prabu ing Tasmitèn (Genijara), katja kang tanpa antjur (ram), gawé éram ing'ang ningali, pantes jèn pinijara, talatahing laut (muwara), ing'èkad angajawara, djarang wastra (tepi) odjating wong awewart (kaloka), netepi ing saloka.

Gingsiring wulan purnama siddhi (grahana), bebaji sah kang saking tuntunan (puput), graitanen satuntasé, ingkang tumibèng luput, tambang palwa (welah) ingsun-wastani, parikan djenu tawa (tungkul), pan adja katungkul, ing solah kang tanpa karja, menjan kuning (welirang) kang toja saking djasmardi (kringet), èngeta kawirangan.

Ing Ngadjerak, Papatih Nata Djin (Sannasal), pulas langking, kang kinarja sastra (mangsi), kèksi-èksi wekasane, tanpa asil ing laku, sembahhjangé djanma minta sih (salat hadjat), katrapaning manusa (denda), dèdèning Hjang Agung, tanpa kadjating panjipta, jasa ranu (balé kambang) Narèndra Bodjanagari (Surjawisésa), kumambang ing wisésa.

Djanma wirja (mukti) salèndro djroning pring (suling), dipun éling-éling wong ngagesang, adja manggung mukti baé, duh babo djamang wakul (wengku), sekar pandan mawur kasilir (pudak), nadyan tedaking Nata, sadjagad winengku, barat gung mrawasèng wreksa (prahara), djarot pisang (serat) ana mlarat ana sugih, wus kaprah 'alam dunja.

Putri Mandura (Sumbadra) kang djamang kudi (karah), nadyan trahing djanma sudra papa, lamun betjik pamarahé, adji Nata Saljèku (tjandabirawa), puter alit ginantang nginggil (prekutut), patut sirā-anggowa, tjondongna ing kalbu, Wiku Radja ing Kusnija (Bawadiman), Sarkap putra (Samardikaran) dèn gemi simpen wewadi, jwa kongsi kasamaran.

Tawon agung kang atala siti (tutur), wikan nugraha wulang achirat (swarga), jèn siranggo tutur kijé, njwargakken bapa bijung, njarambahi mring kaki nini, salawasé rahardja, mitra karuh lulut, jèn kena godaning sêtan, sapu gamping (usar) garwa Hjang Guru Pramèsti (Batari Durga), durgama karja sasar.

Wideng galeng (juju) Kumbajana siwi (Aswatama), tegesé èstri aju utama, pratanda serat pangrembé (pènget), tjipta tyas tan kawetu (graita), kang wus lepas graita lantip, nget-ènget ing kawignjan, pangumbâring pujuh (djadjah), andjadjah saruning badan, djala pandjang (krakad) suluké wajang kalitik (sendon), jèn kalédon ing tékad.

Kentang rambat (katéla) gantjaring wong ngringgiti (lakon), tetélada èstri kang utama, kang prajoga lelakoné, singa lit mung-gèng kasur (kutjing), kenja Putri Kartanagari (Susilawati), jèn tan susilèng prija, pan kutjiwèng semu, dekuning sabda tanaga (taklim), gugur parlu (batal) nora batal ing wewadi, wong taklim sapaðanja.

GATOLOTJO PAMIT LUNGA MARANG TJEPEKAN

Retna Déwi matur awot sari, saking dawuh piwulang-paduka, muhung nuwun pangèstuné, mugimugi djinurung, badan-kula bangkit nglampahi, Gatolotjo ngandika, duh sira wong aju, ajuné aju temenan, ajwa kagèt ing sun lilanana pamit, saiki ing sun lunga.

Krana prelu kangen arsa tilik, anak murid ing pondok Tjèpèkan, bésuk, bali mréné manèh, sira kèri rahaju, Gatolotjo pangkat pribadi, ing marga tan winarna, katjarita sampun, dumugi pondok Tjèpèkan, para murid dupi mijat ing kang prapti, sukèng tyas kanti kurmat.

GATOLOTJO DJUMENENG GURUNADI

Kinanti

Gatolotjo praptanipun, ing Tjèpèkan pondok santri, langkung sukaning wardaja, aningali para murid, samja sanget kurmatira, dumateng Sang Gurunadi.

Nulja minggah langgar gupuh, sesalaman genti-genti, riwusnja samja salanian, para murid nilakrami, wiludjèng rawuh-paduka, Gatolotjo anauri.

Ija saking pandongamu, ing sun ginandjar basuki, sasuwéné ing sun-tilar, sira kabèh anak murid, apa pada kawarasan, santri murid awot sari.

Pangèstu brekah-pukulun, palimarmaning Hjang Widdhi, sadaja kawiludjengan, maksih langgeng kados lami, Gatolotjo angandika, kaprijé wulangku nguni.

Apa sira isih émut, sokur lamun ora lali, aturnja maksih kèmutan, kawula sanget kapéngin, nuwun mugé kasambunga, ladjengipun kados pundi.

Gatolotjo alon muwus, pandjalukmu sun-turuti, sirèku ajwa sumelang, uga bakal sun-sambungi, lah mara pada rungokna, manira tutur saiki.

MEDARAKE BANDJURE SOAL-DJAWABING 'ILMU

Nugrahaning budhi iku, saurana tri prakawis, tjipta ning kang kaping pisan, panggraita kaping kalih, sang panjipta kaping tiga, kanugrahaning roh kuwi.

Saurana iku telu, ana dèné ingkang dingin, urip tan klawan njawa, ingkang kaping kalih kuwi, ora angen-angen lijan, Allah kéwala kaping tri.

Tan ana woworanipun, ingkang wahdati'lmudjudi, nugrahan sakarat pira, saurana tri prakawis, kang dingin adèpanira, idèp ingkang kaping kalih.

Madèp ingkang kaping telu, lamun sira dèn takoni, nugrahaning pira, saurana tri prakawis, sokur ingkang kaping pisan, tawakal ingkang ping kalih.

Sabar ingkang kaping telu, pira nugrahaning tohid, saurana dwi prakara, krana tetep ingkang dingin, wedi kaping kalihira, nugrahan ma'rifat djati.

Sira sumaura gupuh, iku namung saprakawis, ana ing kahananira, anenggih karsa: rasaning, rasa wisésa prajoga, martabaté kramat kuwi.

Mangretiné ana telu, karem af'al para mukmin, para wail karem sifat, akarem dzat para nabi, liré karem ing dzatu'llah, ja sok ana asihaning.

Ingang karem sifat iku, uga ana gumlètèking, liré karem af'alu'llah, mila ana obah osik, jèn sebit paningalira, ening kabuka sajekti.

Ing sifat djamal puniku, djamal kama! kahar nenggh, dumadiné imanira, sakbul gumlètèking ati, dadiné olèh sampurna, sampurnaning gesang nengghih.

Martabaté njawa iku, lamun sira dèn takoni, katahé namung satunggal, ija iku roh idlafi, mung sawidji marganira, tegesé urip puniki.

Ora nana urip telu, ingkang mesti mung sawidji, lamun sira tinikonan, endi Allah ing saiki, iku nuli saurana, sapa ingkang ngutjap kuwi.

Adja ta sirèku umjung, jèn sira dudu Hjang Widdhi, jektiné ingkang dèn utjap, kang ngutjap tan lijan Widdhi, nanging kudu kawruhana, ing panarima sajekti.

Ana ingkang nrima iku, kadya toja lawan siti, lawan ingkang kaja udan, apa déné kaja wesi, kalawan kaja samudra, ingkang kaja lemah warih.

Dèn rumesen teges pun, ora pegat kang rohani, tegesé kang kadya udan, datan pegat tingalnèki, ana manèh kadya tosan, sa-karsanira mrentahi.

Ginawéja arit wedung, petèl wadung kudi urik, ora owah sifatira, isih baé wudjudnèki, ingkang upama samudra, pituduh ingkang prajogi.

Puniku mestiné antuk, ing udjar saketjap tuwin, ing laku satindak lawan, ameneng sagokan nenggih, lamun wis kadya samudra, ora owah tingalnèki.

Sira andulu dinulu, ora nana tingal kalih, ora nana utjap tiga, dadi sampurna salating, weruh paraning sembahjang, weruh paraning ngabekti.

Njata bener ora kusut, lan weruh paraning osik, weruh paraning nengira, weruh paraning mijarsi, weruh paraning pangutjap, weruh paran ngadeg linggih.

Lan weruh paraning turu, weruh paranira tangi, weruh paraning memangan, weruh paran nginum warih, weruh paran ambebuwang, weruh paran sené nenggih.

Weruh paran seneng nepsu, weruh paraning prihatin, weruh paran ngidul ngétan, mangalo mangulon kuwi, weruh paraning mangandap, weruh paraning manginggil.

We,uh paran tengah iku, weruh paranira pinggir, weruh paraning palastra, weruh paranira urip, weruh kabèh kang gumelar, kang gumremet kang kumelip.

Tan samar weruh sadaram, anané sasmita iki, sira kabèh poma-poma, anakingsun para murid, sirèku ajwa sembrana, weruha rasaning tulis.

Déné sira jèn wis weruh, kekerana ingkang werit, ajwa umjung pagerana, ajwa sembarangan kuwi, nganggo duga kira-kira, ajwa dumèh bisa angling.

Lan manèh ajwa kawetu, mring wong ahli sjara' nenggih, jèn maido temah kopar, karana rerasan iki, ora amitjara sjara', amung sadjatining 'ilmi.

Inggang rentèng ingkang ratjut, tan ana kaétang malih, tjaritané soal ika, pada anggiten ing batin, cadi widjangé sadaja, sira ingkang ahli budi.



1. Karawitan lan tuntunan Padalangan (M. Ng. Nojo-wirongko), Djilid I, II, III, IV, V,	á Rp. 25,—
2. Primbon Bektidjamal	Rp. 25,—
3. Primbon Sabdasasmaja	Rp. 20,—
4. Primbon Sabda Pandita (R. Tanojo)	Rp. 15,—
5. Primbon Pudjamāntra	Rp. 12.50
6. Primbon Wali Sembilan	Rp. 22,—
7. Rahasia Mimpi	Rp. 8.50
8. Kidungan djangkep (K.S. Kalidjaga)	Rp. 7,—
9. Gending-gending Djawi, Djilid I	Rp. 20,—
✓ 10. Gending-gending Djawi, Djilid II	Rp. 20,—
11. Primbon Nasib	Rp. 11,—
12. Nudjum Djawa Sedjati	Rp. 15,—
13. Darmagandul	Rp. 12.50
14. Balsafah Gaṭolotjo	Rp. 11,—
✓ 15. Babad Tanah Djawa Gantjaran	Rp. 15,—
16. Waii Sanga (R. Tanojo)	Rp. 15,—
17. Sadjarah Pandawa lan Korawa (R. Tanojo)	Rp. 20,—
18. Djangka Djajabaja Wédha Wakja (R. Tanojo)	Rp. 12.50
19. Sulukan Sléndro	Rp. 15,—

Sarta sadija buku-buku basa Djawi lan sapanunggilanipun.
 Sadaja welingan supados kawewahan 10% waragad kintun.
 Mundut katah tampi sudan regi 30%.

Saged mundut dateng :

- I. Toko Buku S. MULIJA, Kebalèn Tengah 3b, Solo.
- II. Toko Buku PELADJAR, Djl. Diponegoro, Solo.
- III. Toko Buku TJINTA DAMAI, Djl. Diponegoro, Solo.